ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№194 (23.102) ● 2015 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 7, бэрэжьей ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Партым и лЫкІуэхэр Парламентым зэрыщылажьэм топсэлъыхь

«Захуагъэ здэщыІэ Урысей» партым и лЫкІуэу Къэрал Думэм хэтхэм я Советым зэІуІэшхуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым жэпуэгъуэм и 5-м щрагъэкІуэкІащ.

● «Захуагъэ здэщыІэ Урысей»

ХьэщІэхэмрэ бысымхэмрэ. *Сурэтыр* **Іэхъуэбэч Хьэзрэ1ил** *трихащ.*

ЗЭІУЩІЭМ ипэ кьихуэу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и УнафэщІым и къудзэ **Левичев Николай** зи пашэ делегацэр хуэзащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ **Егоровэ Татьянэ.**

ХьэщІэхэм яхуэгъэзэ фІэхъус псалъэхэм яужьКІэ, Егоровэ Татьянэ къыздэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ республикэм и Парламентым и зэхэлъыкІэм, КъБР-м щыщІэ социально-экономикэ щытыкІэм. Хэхауэ ар тепсэлъыхьащ щыналъэм парламент зэхуаку, парт зэхуаку лэжьыгъэхэр къызэрыщызэгъэпэщам.

- Дэ тхуэзфІэкІ къэдгъэнэрхьи парт зэмылІэужьыгъуэхэм я лЫкІуэу Парламентым хэтхэм я зэфІэкІыр зэгъэуІунымкІэ икІи законхэр зэрагъэхьэзырыр егъэфІэкІуэным и Іуэхр хуэунэтІынымкІэ. КъБР-м и Парламентым хэт партхэм я программхэм къыщыгъэлъэгъуа къалэнхэм зэщхьэщыкІыныгъэ инхэр яІэми, абыхэм псоми я мурад нэхъыщхьэр зыхуэунэтІар республикэм мамырыгъэмрэ зэпІэзэрытныгъэмрэ щыгъэбыдэнырщ, щыхуэхм я псэукІэр егъэфІэкІуэнырщ, - жиІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым.

ЗэІущІэм хэтахэм кьагъэлъэтуащ «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» партым Къэбэрдей-Балъкъэрым хуэфащэн увыпІэ зэрыщыІыгыр, абы и лЫкІуэхэр жыджэру Парламентым зэрыщылажьэр икІи зэфІэкІ зэрабгъэдэлъыр Іэхуэкіэ нэрылъагъу къыззращІыр.

ЗэІущІэм гулъытэ нэхъыщхьэ зыщыхуащІа Іэхуэхэм ящыщщ къыкІэлъыкІуэ илъэсым и финанс документ нэхъыщхьэр зэрагъэхьэзырыр, турист-рекреацэ комплекс зэтегъэуВэным зэрелэжьыр, республикэм и экономикэм инвестицэхэр къызэрыхуэзэщІагъэуІуэр, кризисым пэщІэтыныкмкІэ зэфІагъэкІэр. Парламентархэм апхуэдэу гулъытэ хэха хуащІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым спортымрэ щэнхабэмрэ зыщІагъэужьыным пыщІа Іуэхухэм.

Апхуэдэ кьалэнхэр зэфІэгъэкІыныкмкІэ лэжьыпхъэу кьалъытэхэр зэІущІэм щыжаІащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым Экономикэ политикэмкІэ и комитетым хэт **Беляков Антон**, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм Конституцэ законодательствэмрэ къэрал ухуэкІэмкІэ и комитетым и унафэщым и ипэ къуэдзэ **Агеев Александр**, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм Транспортымкіэ и комитетым и унафэщым и ипэ къудзэ **Брячак Михаил**, КъБР-м и Парламентым и депутат, «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ кьудамэм и советым и унафэщІ **Кебеков Владимир** сымэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэмащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий:

«КъБР-м къыпэщыт Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ инвестицэхэмкІэ щытыкІэ тэмэм зэтегъэувэныр»

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Кавказ Ищхьэрэм нэхъ псынщІэу зызыужь и республикэхэм ящыщщ. Іэщ1агъэлІхэм къызэралъытэмкІэ, КъБР-м и щІыналъэ валовэ продуктым 2019 гъэм ирихьлІэу процент 19,7-кІэ, промышленностым къыщІигъэкІхэм процент 26-кІэ, мэкъумэш Іэнатіэм къыщалажьэм процент 9-кІэ, уэхуэныгъэм процент 22,5-кІэ, розницэ сатум процент 21-кІэ, пщІэкІэ зэфІагъэкІ Іуэхутхьэбзэхэм проценти 2,5-кІэ хэхъуэнущ.

Апхуэдэ зыужьныгъэхэм яхуэхІуэн папщІэ КъБР-р хущІэкъэнущ инвестицэхэр нэхъыбэ зэрищІынум, экономикэм и Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм инвестицэ проект инхэр зэрыщигъэззэщІэнум. Къапщтэмэ, Сочэ къалэм иджыблагъэ щекІуэкІа инвестицэ зэхьыхьэшхуэм республикэм утыку къыщрихьащ проектыщІэу 10.

А зэІущІэм зэрыхэтам КъБР-м къыхудэкІуахэр, республикэм зегъэужьныныкІэ, инвестицэхэр нэхъ зыубгъуауэ къызэщІэгъэуІуэныкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий хуиІуэтащ «Интерфакс-Юг» агентствэм.

- Республикэм сыт хуэдэ кьалэнхэр зыхуигъэувыжауэ щыта Сочэ щекІуэкІа зэІущІэшхуэм екъэлІауэ? Абы щызэращІылІа зэгурыІуэныгъэхэм япкъ иткІэ сыт хуэдэ проектхэр ягъэззэщІэну я мурад?

- Дэ а зэІущІэм псори зэхэту сом мелард 15 хуэдиз зи уасэ инвестицэ проекту 10 здэтщащ. Ахэр ГъэззэщІэным и хьэкъкІэ республикэм лэжьапІэ Іэнатіэщ1эу мини 4-м нэблагъэ кьыщызэрагъэпэщцфыныщ.

Пыухыкіауэ жысІэнщи, «Фарма Интернейшнл Компани Россия-СНГ» жэуап зэхэгъэщцхьэхуКІа зыхь зэгуХьэныгъэм хущхьэу зэмылІэужьыгъуэхэр, «Севкавреитген-Д» жэуап зэхэгъэщцхьэхуКІа зыхь зэгуХьэныгъэм технологие лъагэхэр зи лъабжьэ медицинэ рентген техникэр, «Тэрчналмэс» акционер зэгуХьэныгъэ зэІухам зыхъумэжьныныгъэм телажьэ промышленнэ комплексымрэ машинэ зыщІІэнатіэмрэ кьыщагъэсэбэпын налмэс Іэмэпсымэхэр утыку кэрахьащ.

Республикэм и агропромышленнэ комплексым и цІэкІэ зэІущІэм хэтащ «Агро+», «СВ-ЮГ», «Налшык гъэщ1 комбинат» жэуап зэхэгъэщцхьэхуКІа зыхь зэгуХьэныгъэхэр, «Бахъсэн Бройлер» акционер зэгуХьэныгъэ зэІухар. Абыхэм утыку кэрахьащ джэдкъаз фабрикэм, консерв заводым, Іэщ гъэшхапІэм, Іэщ лъэпкъыфІ зыгъЬэхуну, гъэш, джэдыкІэ, гуэгушыл къэзылэжьыну Іуэхуэщ1апІэхэм я проектхэр.

Апхуэдэу «Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ комбинат», «Іущцхьамахуэ и жыг хадэхэр» жэуап зэхэгъэщцхьэхуКІа зыхь зэгуХьэныгъэхэм иджырей пхъэщхьэмыщхьэ хъумапІэу псори зэхэту тонн мин 200 зыщІэхуэнухэм я проектхэр ягъэлъэгъуащ.

Туризмэм ехьэлІауэ кьапщтэмэ, республикэр «Зэрэгъыж» автотурист кластерым и проект иным иолэжь. Абы хебыдэ Ўштулу заповедникыр, Кунаят быдапІэр, Гуэл щхъуантІэхэр, Хулам ауэр, АуШыджэр и псы хущхьэхэр икІи ахэр гъэззэщІэным хэтыну хуэй инвестор псори кьрагъэблагъэ.

- Республикэм и экономикэм и Іэнатіэхэм ящыщу иджыпсту нэхъыбэкІэ дэтхэнэхэм уащыгугъ хъуну?

- Абыхэм ящыщщ агропромышленнэ комплексыр, промышленностыр, курорт-рекреацэ Іэнатіэр.

Промышленностыр кьапщтэмэ, дэ зэбгъэпщэн щымыІэ проект гъэщІэгъуэнхэр диІэщ. Псалъэм папщІэ, абыхэм ящыщщ Май кьалэм дэт «Севкавреитген-Д» жэуап зэхэгъэщцхьэхуКІа зыхь зэгуХьэныгъэм иджырей медицинэ рентген Іэмэпсымэхэр къыщІэгъэкІныныкмкІэ проектыр.

Абы кьыдэкІуэу дэ зэтегъэувэжьи щІыдодзэ иджыпсту стратегие мыхьэнэ зиІэ сырьер - вольфрамымрэ молибденымрэ - къыщыщІах Тырныауз комбинатыр. НэгъуэщІ къэралхэм кьыщащэху продукцэр гъэмэщІэн и лъэныкъуэкІэ кьапщтэмэ, апхуэдэ металлхэм я къыщІэхьапІэу Сыбырымрэ КъуэкІыпІэ Жыайсэ 2020 гъэм нэсыху яхуирикъуну аращ, дэ ди къыщІэхьапІэр икъукІэ кьулейщ. Іэхуэм «Ростех» зэгуХьэныгъэри кьыхьхьащи, дэ мы проектыр пхыгъэкІыным щІэгъэхуэбжьауэ долэжь. Ди мурадыр а комбинатыр зэтегъуэвэжу промышленнэ корпорацэм хэгъэхьэныкъ. Дэ рудам елэжь «Гидромет» («Гидрометаллург» акционер зэгуХьэныгъэ Іэлуха) завод, налмэс Іэмэпсымэхэр къыщІэхьагъэкІ завод («Тэрчналмэс» акционер зэгуХьэныгъэ Іэлуха) диІэщ икІи ахэр псори зы кластеру зэгуэдгъэхьэну ди мурадщ. Іэхуэкіэ зэпыщІа Іэнатіэхэм рудар щыщІэхьным щегъэжьауэ продукцэ хьэзырыр щэным нэсу лэжьыгъэ псори къызэрагъэпэщцфынущ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

● Дыгъуасэ

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Битокъу Владимир къызэІуех. *Сурэтыр* **Мамий Руслан** *трихащ.*

Къафэ гъуазджэм къреджэ

КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым гуфІэгъуэ щытыкІэм иту къыщызэІуахащ «Іущцхьамахуэ и щыгу щагъэззащІэ къафэхэр» V дунейпсо Іуэрыіуатэ фестивалыр. Абы хэтщ Бангладеш ым, Тыркум, Белоруссием, Ганэм, Индием, Италием щыщ гупхэр.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Битокъу Владимир фестивалыр къыщызэІуихым фІыщІэ яхуищащ къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм къикІыу Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІ фестивалым хэтыну, си щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэр, къафэ гъуазджэр зыгъэлъэгъуэну къытхуеблэгъахэм.

Зэхэхьэм хэтхэр утыкум чэзууэ кьрашэурэ зэхуэсахэм ирагъэщІыхуащ. Фестивалым и хьэщІэ лъапІэхэм яхэтщ цІыхухэм я Правительствэмкіэ Дунейпсо Іэхуэщ1апІэу ЮНЕСКО-м и деж щылажьэм и ІыкІуэхэр.

Дуней псом иц лъэпкъхэм я зэныбжьэгъуГэр зыгъэбыдэ «Іущцхьамахуэ и щыгу щагъэззащІэ къафэхэр» V дунейпсо Іуэрыіуатэ фестивалыр жэпуэгъуэм и 9-м КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым щызэхащцжьынущ.

Фестивалыр къызэрызэІуахам теухуа тхьигъэ ди газетым и къыкІэлъыкІуэ къыдэкІыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Бахъсэн щІыналъэ

Блынхэр къонэ

Къулъкъужьи Ищхъэрэ къуажэм дэт Щэнхабзэмкіэ унэр зэрагъэпэщцж. Абы сом мелуан 37-рэ текІуэдэнущ.

1973 ГЪЭМ яуха ДК-м ремонт лэжьыгъэшхуэ къыпоплъэ. Унащцхьэм къыщыщІэдзауэ и лъабжьэм нэсыху сэкъат зымыгъуэта щІыпІэ абы къыщыгъуэтыгъуейщ.

Ухуэныгъэхэр кьрихьэлІэну зи пщэ ираІухьа «Лидер» ухуакІуэ Іэнатіэм и Іэщ1агъэхэм къызэрахутамкІэ, быдагъ зыбгъэдэлъу унэм хэлъыр блынхэм я закъуэти, абы емыІуэсу кьагъэнащ.

ЦІыху 400 зыщІэхуэну унэм ехьэлІа лэжьыгъэ псори мазэ зэфІэхьи хуейкІэ къыхуэгъэуващ. УхуакІуэхэм я зэфІэкІ псори ирахьэлІэнущ а кьалэнхэр тэмэму къызэрырахьэлІэнын.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Лэсхэн щІыналъэм хиубыдэ Борокъуэз къуажэм дэт консерв заводыр и гуащІэгъуэу мэлажь.

МЫ ЗЭМАНЫМ Іуэхущ1апІэр йолажь нащэмрэ помидорымрэ. Заводым фІэІуГъэхэр егъэжьэнр литрищ, литрипщІ банкІэмкІэ я мы-закъуэу, чейхэмкІи. Иужьрейм псом хуэмыдэу щІэупщІэшхуэ иІэщ.

Предприятэм зэблэкІыу цІыху 25-рэ егъэлажь. Аэр Ерокъуэрэ Тащлы-Таларэ щыщхэщ. Заводым пІалъэ лжьыгъэкІэ цІыху 30-м нэблагъэ къызэригъэпэщыну Іэмал егъуэт. Мыбыхэм Іэхуэщ1апІэм кьегъэщцІыпІа

● Лэсхэн щІыналъэ

Лэжьыгъэр зэпыуркъым

щІы гектари 10-м хадзэкІыр къыщрахьэлІэж, махуэ улахуэуи псом 600 - 800 ират.

Іуэхущ1апІэм и зэфІэкІым хигъахъэ зэпытщ. Заводыр хадзэкІ, ерыскъыпхъэ гъэтІылъытыгъэхэмкІи бэлэрыгъыркъым - бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэми зэлэжьын щыщІэнукъым.

ЖАНОКЪУЭ Хьэутий.

Джэд бжьгъэм хохъуэ

● Май щІыналъэ

Илъэс 25-кІэ «Ленинцы» СХПК-м щылэжьа Теличкэ Николай кьыззригъэпэща джэдкъаз фермэр тыншу унагъуэм исхэм зэрахьэ. Гранту кьаІэрыхьа сом мин 800-мкІэ я лэжьыгъэр зэтрагъэпсыхьащ. Мы зэманым абы щагъэхьу джэдыкІэкІэ уэмыщІугуГъ хьун джэд 1000. Николай зэрыжиІэмкІэ, Іуэхум щыпэрыхьа ягъэ мазэхэм щыщІэдзауэ мураду иІар зыщ – бдзэжьеимэ кьызыхих джэдылкІэ цІыхухэр имыгъэтхьэусыхэу, игъащІэ ІьандэрэІ унагъуэхэм Іусыпхъэ кьабзэкІэ кьагъэхъу джэдкъазхэм хуэдэ фІэкІа имыщэну.

«Биодобавка» пкъыгъуэхэр зэззымыгъэсэбэп унагъуэм ищэ джэдыдымрэ джэдыкІэмрэ кьабзэщ икІи фІыщ, араш щЭупщІэшхуэ иІэу щІащэри.

ЕкъулІэныгъэ зиІэр адэжи мапІэ: мы мазэм абы и джэд бжьгъэм хигъахъэнущ «Кучинская» лъэужьыгъуэ хэпІныхьамкІэ. Аэр джэдыкІэкІэ фІыщ - ильэсым хуэзэу дэтхэнэми пэгуни 4-5 къыпачащ. Ар тонни 10-м нобл агрэ. Пхъэщхьэмыщхьэр щэнми гугъу дехьыркъым. Щэхуэкіуэхэр кьрегъэблагъэри, езыхэм я Іэкіэ къыпрагъэч, бззэрыш щызэкІуэ уасэм нэхъри куэдкІэ нэхъ пудуи ярет. ИджыпстукІэ кьагъэкІ «Налшык», «Краснодар» щэфат лІэужьыгъуэхэмкІэ арэзыщ хадэр зейр. Пхъэщхьэмыщхьэр ищэ кудей мыхьуу, Сергей жыгыщІэхэр жьлэкІэ кьегъэкІри, абыиахъшэ кьыпокІуэ. «Сыт дэ щэфатыр нэгъуэщ1 къэралхэм кьыщІитшыр, дэ ар кьыщытхузгъэкІыкІэ?- жеІэ унафэщым.

ЖАНОКЪУЭ Синэмис.

● Налшык къалэ

ЖыгыщІэхэр щыхасэнущ

Налшык и Къэбэрдей уэрамым лъэс зекІуапІэхэр щызэрагъэпэщыж. Къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и унафэкІэ, абыхэм жыгыщІэхэр щыхасэнущ.

ІЭЩІАГЪЭПІХЭМ зэрыжаІэмкІэ, уэрамым декІуэкІ жыгхэр жьы хъуащ, уз зэмылІэужьыгъуэхэм яубыдащи, зыпхъуегъэужьыныкъым. КъищынэмыщІауэ, сатырхэр зэхуэкІуэркъым, езыхэр зэлъапкъэгъуэкъым икІи зэблэужьзэблэкІыу хэкІащ.

Абы кьыхэкІыу, КІыщокъуэм и цІэр зезыхьэ уэрамым кьыщыщІэдзащэ Нэгуэм и цІэр зезыхьэм нэсыху, зэрыхасэ Іэмал хэкам тету, Къэбэрдей уэрамым жыг лІэужьыгъуэщІэхэр щагъэтІысынущ. Иджыпсту зэрыхъум нэхърэ хуэдитІкІэ нэхъыбэ лъэс зекІуапІэм и лъэныкъуитІми щыхасэну я мурадщ.

Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Прохладнэ щІыналъэ

Шэфталым зрагъэубгъу

Иужьрей илъэсхэм ди республикэм гулъытэ щыхуащІ хъуащ шэфтал жыгхэр къэгъэкІыным.

ЗЭРЫФЩІЭЩИ, мы пхъэщхьэмыщхьэ лІэужьыгъуэр, мыІэрысей хадэшхуэхэм хуэдэу, зи диІакъым, унагъуэхэм жыг закъуэтІакъуэу ягъэкІ мыхъумэ. Абы и щхьэусыгъуэр щэфталым хуабэ зэрыфІэфІыр. Прохладнэ щІыналъэм нобэ щыщІэрыІуэщ хьэрычэтыщІэ Іэкіуэлъакіуэ Бондарук Сергей и щэфтал хадэшхуэр. Ар гектари 5-м щыхисащ, щІыр илъэс 25-кІэ бэджэнду иІыгъыну. Сергей зэрыжиІэмкІэ, жыгхэм хущхьэу ярихьэлІэрхъым. ХьэпІащІэуахуэр куэду кьыпылъэлъа нэужь, адрей кьанэр кьабзэлъабзэу кьыпечыж, фейдэ хъарзыни кьыхех.

Кьапщтэмэ, жыг 1250-рэ иІэщи, дэтхэнэми пэгуни 4-5 кьыпачащ. Ар тонни 10-м нобл агрэ. Пхъэщхьэмыщхьэр щэнми гугъу дехьыркъым. Щэхуэкіуэхэр кьрегъэблагъэри, езыхэм я Іэкіэ къыпрагъэч, бззэрыш щызэкІуэ уасэм нэхъри куэдкІэ нэхъ пудуи ярет. ИджыпстукІэ кьагъэкІ «Налшык», «Краснодар» щэфат лІэужьыгъуэхэмкІэ арэзыщ хадэр зейр. Пхъэщхьэмыщхьэр ищэ кудей мыхьуу, Сергей жыгыщІэхэр жьлэкІэ кьегъэкІри, абыиахъшэ кьыпокІуэ. «Сыт дэ щэфталыр зэрагъэкІ къэралхэм кьыщІитшыр, дэ ар кьыщытхузгъэкІыкІэ?- жеІэ унафэщым.

ЖАНОКЪУЭ Синэмис.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэмащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий:

«КъБР-м къыпэщыт Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ инвестицэхэмкІэ щытыкІэ тэмэм зэтегъэувэныр»

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Кавказ Ищхьэрэм нэхъ псынщІэу зызыужь и республикэхэм ящыщщ. Іэщ1агъэлІхэм къызэралъытэмкІэ, КъБР-м и щІыналъэ валовэ продуктым 2019 гъэм ирихьлІэу процент 19,7-кІэ, промышленностым къыщІигъэкІхэм процент 26-кІэ, мэкъумэш Іэнатіэм къыщалажьэм процент 9-кІэ, уэхуэныгъэм процент 22,5-кІэ, розницэ сатум процент 21-кІэ, пщІэкІэ зэфІагъэкІ Іуэхутхьэбзэхэм проценти 2,5-кІэ хэхъуэнущ.

Апхуэдэ зыужьныгъэхэм яхуэхІуэн папщІэ КъБР-р хущІэкъэнущ инвестицэхэр нэхъыбэ зэрищІынум, экономикэм и Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм инвестицэ проект инхэр зэрыщигъэззэщІэнум. Къапщтэмэ, Сочэ къалэм иджыблагъэ щекІуэкІа инвестицэ зэхьыхьэшхуэм республикэм утыку къыщрихьащ проектыщІэу 10.

А зэІущІэм зэрыхэтам КъБР-м къыхудэкІуахэр, республикэм зегъэужьныныкІэ, инвестицэхэр нэхъ зыубгъуауэ къызэщІэгъэуІуэныкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий хуиІуэтащ «Интерфакс-Юг» агентствэм.

- Республикэм сыт хуэдэ кьалэнхэр зыхуигъэувыжауэ щыта Сочэ щекІуэкІа зэІущІэшхуэм екъэлІауэ? Абы щызэращІылІа зэгурыІуэныгъэхэм япкъ иткІэ сыт хуэдэ проектхэр ягъэззэщІэну я мурад?

- Дэ а зэІущІэм псори зэхэту сом мелард 15 хуэдиз зи уасэ инвестицэ проекту 10 здэтщащ. Ахэр ГъэззэщІэным и хьэкъкІэ республикэм лэжьапІэ Іэнатіэщ1эу мини 4-м нэблагъэ кьыщызэрагъэпэщцфыныщ.

Пыухыкіауэ жысІэнщи, «Фарма Интернейшнл Компани Россия-СНГ» жэуап зэхэгъэщцхьэхуКІа зыхь зэгуХьэныгъэм технологие лъагэхэр зи лъабжьэ медицинэ рентген техникэр, «Тэрчналмэс» акционер зэгуХьэныгъэ зэІухам зыхъумэжьныныгъэм телажьэ промышленнэ комплексымрэ машинэ зыщІІэнатіэмрэ кьыщагъэсэбэпын налмэс Іэмэпсымэхэр утыку кэрахьащ.

Республикэм и агропромышленнэ комплексым и цІэкІэ зэІущІэм хэтащ «Агро+», «СВ-ЮГ», «Налшык гъэщ1 комбинат» жэуап зэхэгъэщцхьэхуКІа зыхь зэгуХьэныгъэхэр, «Бахъсэн Бройлер» акционер зэгуХьэныгъэ зэІухар. Абыхэм утыку кэрахьащ джэдкъаз фабрикэм, консерв заводым, Іэщ гъэшхапІэм, Іэщ лъэпкъыфІ зыгъЬэхуну, гъэш, джэдыкІэ, гуэгушыл къэзылэжьыну Іуэхуэщ1апІэхэм я проектхэр.

Апхуэдэу «Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ комбинат», «Іущцхьамахуэ и жыг хадэхэр» жэуап зэхэгъэщцхьэхуКІа зыхь зэгуХьэныгъэхэм иджырей пхъэщхьэмыщхьэ хъумапІэу псори зэхэту тонн мин 200 зыщІэхуэнухэм я проектхэр ягъэлъэгъуащ.

Туризмэм ехьэлІауэ кьапщтэмэ, республикэр «Зэрэгъыж» автотурист кластерым и проект иным иолэжь. Абы хебыдэ Ўштулу заповедникыр, Кунаят быдапІэр, Гуэл щхъуантІэхэр, Хулам ауэр, АуШыджэр и псы хущхьэхэр икІи ахэр гъэззэщІэным хэтыну хуэй инвестор псори кьрагъэблагъэ.

- Республикэм и экономикэм и Іэнатіэхэм ящыщу иджыпсту нэхъыбэкІэ дэтхэнэхэм уащыгугъ хъуну?

- Абыхэм ящыщщ агропромышленнэ комплексыр, промышленностыр, курорт-рекреацэ Іэнатіэр.

Промышленностыр кьапщтэмэ, дэ зэбгъэпщэн щымыІэ проект гъэщІэгъуэнхэр диІэщ. Псалъэм папщІэ, абыхэм ящыщщ Май кьалэм дэт «Севкавреитген-Д» жэуап зэхэгъэщцхьэхуКІа зыхь зэгуХьэныгъэм иджырей медицинэ рентген Іэмэпсымэхэр къыщІэгъэкІныныкмкІэ проектыр.

Абы кьыдэкІуэу дэ зэтегъэувэжьи щІыдодзэ иджыпсту стратегие мыхьэнэ зиІэ сырьер - вольфрамымрэ молибденымрэ - къыщыщІах Тырныауз комбинатыр. НэгъуэщІ къэралхэм кьыщащэху продукцэр гъэмэщІэн и лъэныкъуэкІэ кьапщтэмэ, апхуэдэ металлхэм я къыщІэхьапІэу Сыбырымрэ КъуэкІыпІэ Жыайсэ 2020 гъэм нэсыху яхуирикъуну аращ, дэ ди къыщІэхьапІэр икъукІэ кьулейщ. Іэхуэм «Ростех» зэгуХьэныгъэри кьыхьхьащи, дэ мы проектыр пхыгъэкІыным щІэгъэхуэбжьауэ долэжь. Ди мурадыр а комбинатыр зэтегъуэвэжу промышленнэ корпорацэм хэгъэхьэныкъ. Дэ рудам елэжь «Гидромет» («Гидрометаллург» акционер зэгуХьэныгъэ Іэлуха) завод, налмэс Іэмэпсымэхэр къыщІэхьагъэкІ завод («Тэрчналмэс» акционер зэгуХьэныгъэ Іэлуха) диІэщ икІи ахэр псори зы кластеру зэгуэдгъэхьэну ди мурадщ. Іэхуэкіэ зэпыщІа Іэнатіэхэм рудар щыщІэхьным щегъэжьауэ продукцэ хьэзырыр щэным нэсу лэжьыгъэ псори къызэрагъэпэщцфынущ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Ялп зригъэщри...

Интернетым ит хъыбархэм къызэрагъэлъагъуэмкІэ, Москва къызэпиудащ Сирием и уэгур езым и тепщэныгъэм щІигъэувэну Вашингтон иІа мурадхэр.

Іуэхум хэзыщыкІхэм къалъытэ тхьэмахуэ зэхуаку зыбжанэ ялэкІэ «Асад Башар и авиацэр Сирием и ищхьэрэ, ипщэ лъэныкъуэхэм щыІэ цІыху мамырхэм ирамыгъэуэн мурадкІэ» коалицэм щыщхэр а къэралым и уэгур зэхуащІыну зэгурыІуауэ. Ауэ ар къайхъулІакъым, Урысейр Сирием щекІуэкІ Іуэхухэм зэрахэІэбам къыхэкІы.

Хуэбгъэфащэ хъунущ Вашингтон Ливием къыщыгъэсэбэпа Іэмалхэм хуэдэхэмкІэ Асад лъэныкъуэ иригъэшІыну яужь ихьэну щытауэ: Сирием и уэгур зэхуищІу, спецназым и къарухэмкІэ ар Іуихыну.

Арщхьэкіэ пэмыплъэхуауэ Урысейм зыкъыззэкъуихащ. Сириер кьелащ. Зэкіэ нэхъ мыхъуми.

Гватемалэм яхуогузавэ

Гватемалэм насыпыншагъэ къыщыхъущ.

Кьэралым и курыт щІыналъэм къыщыгъуэ бгым кьрихьэха ятІэмрэ мывэхэмрэ цІыху 26-м я гъащІэр ихьащ, цІыху 600-м щІигъум къащыщІар ящІэркъым, хъыбарыншэу кІуэдащи. Урысейм и Президент Путин Владимир Гватемалэм и Іэтащхьэ Аггире Александрэ а гуауэзыхуэм къыхэкІыу хуэгуэзващ.

Хуэмыщ1ахэм доІэпыкъу

УФ-м и Правительствэм сом мелуан 820-кІэ хигъэхъущ бынищ, абыхэм нэхърэ нэхъыбэ зиІэ унагъуэхэм ядэІэпыкъуным хухиха ахъшэм. Зи гугъу ящыр зи Іуэху мыщІагъуэ щІыналъэхэм щыпсэу нэхъ хуэмыщІа унагъуэхэу сабий ещанэр къыщалъхуэхэм мазэ кьэс ират субсидиехэрщ.

«Мы унафэм зи демографие щытыкІэр мыщІагъуэ щІыналъэхэм Іэмал яритынущ дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэ къыщІэхьагъэкъуэным зыщІагъэкъуэным техуауэ 2015 гъэм я пщэ далъхьэжа кьалэнхэр ягъэззэщІэну», - щыжаІащ Правительствэм.

Уэздыгъэншэу кьэнэну?

Херсон областым щакъутащ волыт лъагэ зэрыкІуэ кІапсэхэм ящІэрэкъуэ пкъоушхуэ. АбыкІэ электрокъару иратырт Кърымым.

ИпэІуэкІэ Минэнергом щыжаІащ Кърымым хуиутІыпщ электрокъарум и уасэм процент 15,5-кІэ хигъэхъуну Украинэр зэрыхуейр.

Киев иджы етІуанэу хытІыгу ныкъуэм электрокъарур пеубыд. 2014 гъэм и щышцхьэуІум иужьрейр уэздыгъэншэу кьэнаэу щытащ. Апхуэдэ быдэу ящІащ мы гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м. Иужькіэ, бадзэуэгъуэм и 3-м, Украинэмрэ Урысеймрэ Кърымым ират электрокъарум и уасэмкІэ зэгурыІуащ.

Къаугъэ къоХьей

Тыркум нэгъуэщІ къэрал Іуэхухэмкіэ и министерствэм УФ-м и посолу Анкара щыІэм мыарэзыныгъэм и нотэ иритащ тхьэмахуэ кІуам къэхъуэ къаугъэм и Іэужьку.

НАТО-м зэрыжиІамкІэ, жэпуэгъуэм и 3-мрэ и 4-мрэ Су-30, Су-24 урысей кхъухьлъатэхэр Тыркум и уэгум хыхьащ.

УФ-м Зыхъумэжьныгъэмкіэ и министерствэм кьыбгъэдэкІа хъыбархэм ятепщІыхьмэ, дунейм и щытыкІэр зэрымыщІагъуэм и зэранкІэ Су-30 урысей кхъухьлъатэр щэбэт кІуам Тыркум и уэгум секунд зыбжанэкІэ итащ.

● 1918 гъэм Серебряков-Датоткуэум и дзэм Налшык иубыдащ.

● 1917 гъэм кьалъхуащ РСФСР-м и щыхуэбэ артист, КъБАССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Пыхъужь Алий.**

● 1952 гъэм кьалъхуащ къэрал, политикэ лэжьакІуэ, Урысей Федерацэм и Президент **Путин Владимир**.

● 1958 гъэм кьалъхуащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ, «ПщІэмрэ щІыхьымрэ» абхъаз орденым и III нагъыщэр зыхуагъэфащэ **Битокъу Владимир**.

Дунейм и щытыкІэнур:

«pogoda.yandex.ru» сайтым къызэрытымкІэ, нобэ Налшык уфаущ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 20, жэщым градуси 9 - 16 хъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Щ1алэм къижыхьмэ, лЫжьым и лъэдийр мэуз.

Ялп зригъэщри...

Интернетым ит хъыбархэм къызэрагъэлъагъуэмкІэ, Москва къызэпиудащ Сирием и уэгур езым и тепщэныгъэм щІигъэувэну Вашингтон иІа мурадхэр.

Іуэхум хэзыщыкІхэм къалъытэ тхьэмахуэ зэхуаку зыбжанэ ялэкІэ «Асад Башар и авиацэр Сирием и ищхьэрэ, ипщэ лъэныкъуэхэм щыІэ цІыху мамырхэм ирамыгъэуэн мурадкІэ» коалицэм щыщхэр а къэралым и уэгур зэхуащІыну зэгурыІуауэ. Ауэ ар къайхъулІакъым, Урысейр Сирием щекІуэкІ Іуэхухэм зэрахэІэбам къыхэкІы.

Хуэбгъэфащэ хъунущ Вашингтон Ливием къыщыгъэсэбэпа Іэмалхэм хуэдэхэмкІэ Асад лъэныкъуэ иригъэшІыну яужь ихьэну щытауэ: Сирием и уэгур зэхуищІу, спецназым и къарухэмкІэ ар Іуихыну.

Арщхьэкіэ пэмыплъэхуауэ Урысейм зыкъыззэкъуихащ. Сириер кьелащ. Зэкіэ нэхъ мыхъуми.

Гватемалэм яхуогузавэ

Гватемалэм насыпыншагъэ къыщыхъущ.

Кьэралым и курыт щІыналъэм къыщыгъуэ бгым кьрихьэха ятІэмрэ мывэхэмрэ цІыху 26-м я гъащІэр ихьащ, цІыху 600-м щІигъум къащыщІар ящІэркъым, хъыбарыншэу кІуэдащи. Урысейм и Президент Путин Владимир Гватемалэм и Іэ

«КъБР-м къыпэщыт Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ инвестицэхэмкІэ щытыкІэ тэмэм зэтегъэуэныр»

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Зэрыщыту къапщтэмэ, КъБР-м иджыпсту щолажьэ машинэ зыщІ, металлургие щІугъэнэм елэжь предприятэхэр, нэгъуэщІ Іэнатіэ зыбжани зыхиубыдэ промышленнэ комплекс. Иджыпсту щыІэ законхэм Іэмал псори къыхэзрагъэпэщ инвестицэ лэжьыгъэ езыгъэкІуэкІхэм къэралым и дзэпыкъуныгъэ етыным, къапщтэмэ, къэрал шэсыпІэхэр яхуэхъуным, налогхэм я лъэныкъуэкІэ яхудэчыхьным яхуэгъэзэауэ.

- Уэ къыхэбгрегъащыуэ республикэм и агропромышленнэ комплексым инвестицэ проект инхэр зэрыщагъэзащІэр. Абыхэм нэхъ зэпкърыхауэ тхутепсэльыхьыт.

- Иджыблагъэ дэ хьэзыр тщІащ нобэкІэ УФ-м щынэхъ ин дыдэхэм ящыщ, продукцэу тонн мин 75-рэ зыщІэхуэн хадэхэкІ хъуманІэ. Продукцэр хъумэныр республикэм и дежкІэ иджыпсту мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхущи, абы и лъэныкъуэкІэ щыІэ зэфІэкІхэм дэ зэпымыууэ зыдогъэубгъу. Абы фейдэ пылъщ, сыту жьпІэнэ хадэхкІ хъуманІэхэр зэрарахуэм мэкъумэш продукцэ къэзылэжь Іэнатіэ мыинхэмрэ курытхэмрэ зыгъэлажьэхэр трегъэгушхуэ: цІыхухэм Іэмал ягъуэту хуежьащ къагъэкІа продукцэр тэмэму ящэнымкІэ, ар мыкІуэду яхьумэнымкІэ. Апхуэдэу мэкъумэш продукцэм папщІэ логистикэ центрхэр зэрызэтрагъэувэм и фІыгъэкІэ, гъэм и сыт хуэдэ зэманми хадэхэкІыр мыкІуэду яхьумэф, апхуэдэу щыщыткІэ, абы и уасэри илъэс псом зэпІэзэрыту щытІу.

Иужьрей илъэс зыбжанэм агропромышленнэ комплексым хиубыдэу проект куэд зэрагъэзэщІам и фІыгъэкІэ, республикэм и мэкъумэш Іэнатіэм фейдэшхуэ кьилэжьащ - КъБР-м мэкъумэшхэкІыу езым хурикъунур кьелэжьыж, уеблэмэ ар Урысейм и нэгъуэщІ щыналъэ куэдым щещэ.

- Нэхъ япэ игъэщыпхъэхэм ящыщу уэ къэбгъэлъэгъуащ туризмэр. А Іэнатіэм зегъэужьынымкІэ республикэм сыт хуэдэ Іэмалхэр щыІэ?

- «Кавказ Ищхьэрэм зегъэужьынымкІэ корпорацэм» и дзэпыкъуныгъэкІэ иджыпсту псом хуэмыдэу щІэгъэхуэбжьауэ зауэжь Налшыкрэ Іуащхьэмахуэ лъапэрэ я курортхэм. Иджыпсту нагъэблэгъащ 2015 - 2016 гъэхэм я щІымахуэ лъэхэзэм зыхуэгъэхьэзырыныр. Абы хиубыдэу бгы-лыжэ спортымкІэ урысейпсо зэхьэзэхуэ республикэм щрагъэкІуэкІыну я мурадщ. Бгы-лыжэ спортым и лъэныкъуэкІэ дызыхуэкІуэ илъэсыбэ 2013 - 2014 гъэхэм я щІымахуэмрэ зэбгъапщэмэ, нэрылъагъущ туристхэм я бжыгъэр хуэдизщІкІэ нэхъыбэ зэрыхъуар. Апхуэдэурэ екІуэкІыу щытмэ икІи ди мурадхэр кьыдэхъуІэмэ, 2020 гъэм ирихьэлІэу ди дежь илъэс кьэс кьаКІуэ туристхэм я бжыгъэр зы мелуаным нэсынущ.

- Инвесторхэр кьешэлІэныкмкІэ мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым сыт хуэдэ хэкІыпІэхэр къыщагъэсэбэпрэ? Абыхэм сыт хуэдэ сэбэныгъэ кьахьрэ?

- Бизнесым зегъэужьынымкІэ Іэмал тэмэмхэр псом ящу КъБР-м зэрагъэпэщ хабзэ мардэхэр зэрырагъэфІакІуэм, административнэ лъэпощхьэпохэр зэрагъэкІуэдым. Нобэ дэ кьытпэщыт лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ инвестицэ щытыкІэ тэмэм зэтегъэувэныр. ЗэрырагурыІэгъуэщи, абы и лъэныкъуэкІэ дэ Іуэху псори зэфІэдгъэкІакъым, ауэ зэгъусэу делэжьмэ, нэхъыбэ тхуэфІэкІынущ.

Урысей Федерацэм Кавказ Ищхьэрэм и ІуэхухэмкІэ и министерствэм и дзэпыкъуныгъэкІэ иужьрей зэманым щытыкІэм нэрылъагъуу зедгъэхъуэжащ. Ди деж куэду щыІэщ къэралымрэ бизнесымрэ промышленностым, турист-рекреацэ комплексым, нэгъуэщІ Іэнатіэ щхьэхуэхэми тэмэму зэрыщыІэздзажьэм и щыхьэт наІуэхэр.

Жьэн узыфэм щеІэзэ къудамэр щІызэхуащІым сыт и щхьэусыгъуэр?

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ - узыншагъэр хъумэнымкІэ министр Щэт Ирмэ иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ Прохладнэ район сымаджэщым жьэн узыфэм щеІэзэ и къудамэр зэхуэщІыным теухуауэ къаІэта Іуэхум хэпльэ къэпщытакІуэ гупым я зэІуІэ.

ШЭТ ИРМЭ кьызэрыхигъэщамкІэ, сымаджэщым жьэн узыфэм щеІэзэ и къудамэр адэкІэ щыгъэІэн-щымыгъэІэныр лъэныкъуэ псомкІи егупсысауэ хэкІыпІэ пыухыкІа кьызыхуэгъэтыгъэщ. Абы ягу кьыгъэкІыжащ районым и щыхуэзам а къудамэм кьызэрыщеІэзэзм арэзы кьызэримыщІым теухуауэ республикэм и Іэтащхьэм и дежь мызэ-мытІэу ирагъэжьа тхьэусхьафэм кьыхэкІыу а Іуэхур кьызэрагъэтар. Ар зэхуащІынымкІэ мыарэзыуэ кьэувар зи Іэнатіэр зыщІэкІуэдынкІэ шынэ абы и лъжьакІуэхэмрэ Жьэн узыфэм щеІэзэ диспансерым адэкІэ зи узыншагъэр щезыгъэфІэкІуэжыну зыхуагъэпсыгъуэ сымаджжэхэмрэ.

- ГъэпсыпІэ 440-рэ зыщІэт, Жьэн узыфэм щеІэзэ республикэ диспансерым сымаджэхэм фІагъ льагэ зиІэ дзэпыкъуныгъэ щагъуэт, республикэм и адрей районхэм кьикІ псоми хуэдэу, абы Прохладнэ кьалэм, Прохладнэ, Май щІыналъэхэм я щІыхуэхри кьищтэнущ, - жиІащ Щэт Ирмэ. - Сымаджэщым щІэгъэуэльхьэнымкІэ гугъуехь гуэрхэм Іууэмэ, щІыхуэхэр псалъэ хьунущ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм мы телефонымкІэ: 40-15-65, апхуэдэу Жьэн узыфэм щеІэзэ диспансерым и дохутыр нэхъыщхьэм деж - 73-04-20.

Щэт Ирмэ кьыхигъащащ Прохладнэ район сымаджэщым жьэн узыфэм щеІэзэ и къудамэр иджыпсту медицинэ мардэхэм хуэкІуэу кьызэрызэрагъэпэщым мылъку зэрамыІэр. Медицинэ дзэпыкъуныгъэ тэмэм зэрамыгъэуэм кьыхэкІыу узыр хотІасэ икІи кІыхьлІыхьу абы еІэзэн, хущхъуэ нэхъыби трагъэкІуэдзэн хуэй мэхъу.

Министрым жиІащ мы зэманым республикэм жьэн узыфэм щеІэзэ и Іэнатіэм гулъытэ хэха зэрыхуащІыр. Федеральнэ субсидием и фІыгъэкІэ Жьэн узыфэм щеІэзэ диспансерым и мылъку-техникэ лъабжьэр ирагъэфІэкІуащ, диагностикэ Іэмэпсымэу сом мелуан 68-рэ и уасэ я кьащэхуащ. Мы зэманым диспансерым и терапие кьудамэм зэгъэпэщжьныгъэ лэжьыгъэхэр щокІуэкІ, хуабэр зэрыкІуэ бжьамийхэр зэрахьэкІ, а Іуэхум республикэ программэмкІэ сом мелуан 18 хуахакащ.

Жьэн узыфэм щеІэзэ республикэ диспансерым и дохутыр нэхъыщхьэ КІбгьушэ Валерэ тепсэльыхьащ Жьэн узыфэм щеІэзэ республикэ диспансерым и лэжьыгъэм. Республикэм и щІыналъэ псоми кьыкІ сымаджэхэм зыхуей дзэпыкъуныгъэ зэрыщагъэуэтыным сыт и лъэныкъуэкІи хуэщІауэ ар кьызэгъэпэщащ. Іэнатіэм кьыщагъэсэбэп медицинэм щІэуэ кьыхьыхь Іэмал псори. Медицинэ Іэмэпсымэщ Іэхэр зэраІэм и фІыгъэкІэ, сымаджэм и узыншагъэр дакьикъэ 90-м кьуриубыдэу кьапщытэ. Бактериологическэ лабораторэм, КТ-м Іэмал кьарет узыфэр зыхуэдэр псынщІэу кьахуэтну икІи и чэзум зыхуеину хущхъуэхэр ирахьэлІэну. Иужьрей илъэситІым федеральнэ мылъкум кьыхэкІыу хущхъуэ кьращэхуну кьаІэрыхьащ сом мелуан 48-рэ, абы и фІыгъэкІэ 2015 гъэм ягъэхъуэ сымаджэхэм я бжыгъэр процент 40-кІэ нэхъыбэ хъуащ. Жьэн узыфэ зэрыщІалэр зыпкърыт сымаджэ 488-м ящыщу 88-р ягъэхъужащ, иджы ахэр кьэзыухъуреихь щІыхуэхэм я дежкІи зыкІи шынагъэжькъым. А узыфэр зыпкърыт сымаджэр Іуэхущхьэм и Іэмал нэхъыщхьэр ар Іуэхущ Іапі э зэхуэщІам щІэлъу Іэпхуэгъуэу уеІэзэнырщ. Апхуэдэ щытыкІэ псори диспансерым кьыщыщэгъэпэщащ.

ЗэІущІэм хэтахэм жаІащ жьэн узыфэм щеІэзэ кьудамэр район сымаджэщым хэтыну кьызэремызэгъыр. Шынагъуэ щыІэщ адрей кьудамэхэм щІэлъ сымаджэхэм уз зэрыщІалэр кьапкърыхьэнкІэ.

«Роспотребнадзор»-м и кьудамэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ Пагуэ Жырасльэн хъыбар иригъэщІащ кьудамэр зэрызэхуащІым теухуа Іуэхур судым зэрырагъэхьынур, сыт щхьэкІэ жьыпІэмэ ирагъэкІуэкІа кьэпщытэныгъэхэм кьызэрагъэлъэгъуамкІэ, жьэн узыфэр зыпкърыт сымаджэхэм кьызэзрагъэпэща щытыкІэр зэрыщытын хуей мардэхэм хуэкІуэркъым.

Муниципальнэ щІыналъэхэм я унафэщІхэм жьэн узыфэм щеІэзэ кьудамэм и лэжьакІуэхэм я Іуэхур зэрыхьуным теухуа упщІэр кьаІэтащ. Іэхэущ Іапі эм и дохутыр нэхъыщхьэ Ан Виктор жиІащ сымаджэщым фтизиатрие пэш зэриІэр икІи жьэн узыфэм щеІэзэ кьудамэм щыщІэжьа дохутырыр абы зэрагъэкІуэнур. Курыт, нэхъыщІэ медицинэ лэжьакІуэхэм сымаджэщым и нэгъуэщІ кьудамэхэм лэжьыгъэ кьыщыхуагъэтынущ.

«Росздравнадзор»-м КъБР-м щиІэ кьудамэм и унафэщІ Ахьмэт Алим кьыхилъхьэри, район сымаджэщым жьэн узыфэм щеІэзэ и кьудамэм теухуа унафэ пІыухыкІа кьэштэныр тхьэмахуитІкІэ ягъэІэпхъуащ, сымаджэхэм зэреІэзэм и фІагъыр кьапщытэн папщІэ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Коррупцэм пэщІэтын

● КъБР-м и прокуратурэм

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур фокІадэм и 11-м иригъэкІуэкІащ коррупцэм пэщІэтынымкІэ Іуэхущ Іапі эхэм зэдай зэпымыууэ лажьэ гупым и зэІущІэ зыубгъуа. Абы хэтащ УФ-м Следствэмкі э и комитетым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм, КъБР-м щыІэ МВД-м, Урысейм и ФСБ-м, ФСКН-м, ФСИН-м, ФАС-м, ФССП-м, Финанс кІэлъыплъныгъэмкІэ федеральнэ Іэнатіэм, МЧС-м, КСП-м я щІыналъэ управленэхэм я лъыкІуэхэр, республикэм и кьалэхэмрэ районхэмрэ я прокурорхэр.

ЗЭХЫХЬЭМ щызэпкърахащ коррупцэм пэщІэтынымкІэ законодательствэр зэрагъэзащІам кІэлъыплъныгъэ щІэуэ я лъыкІуэ зэрагъэпэщам, 2014 - 2015 гъэхэм а хьэрэщащагъэм ебэнынымкІэ Іэжьыпхъэхэм ятеухуа Лъэпкъ планымрэ «Къэрал кьупыкъщІэхэм, нэгъуэщІ цІыхухэм я хэхъуэхэмрэ кьагъэсэбэпхэмрэ зэрызэхуэкІуэм кІэлъыплъныным и Іуэхукі э» 2012 гъэм дыгъэгъазэм и 3-м кьащта Федеральнэ закон №230-ФЗ-м кьигъэувэкмрэ гъэзэщІа зэрыхьэр.

КъызэрагъэлъэгъуамкІэ, мази 8-м кьурибыдэу ныкъуэсанигъэу 3050-рэ кьахутащ. Ахэр ирагъэзэхуэжьан папщІэ, зыхуэфащэ тхьылъ 458-рэ хуатхащ, заявленэрэ искыу 43-рэ судым ираташ. Кьалэн ящызыщІ тхыгъэу 666-рэ ягъэхъэзырати, абыхэм хэпльэри, цІыху 698-рэ дисциплинэ, 94-рэ административнэ жэуапхэм ирашэлІащ. Тхыль 34-рэ следствэмкІэ Іэнатіэхэм ягъэхьащ, уголовнэ Іуэхуу 27-рэ кьызэІуахащ.

Бюджет субсидие зэмылІэужьыгъуэхэр, нэгъуэщІ кьэрал дзэпыкъуныгъэхэр щыхухах Іуэхущ Іапі эхэм хабзэр куэдрэ кьызэрыщызэпаудыр экономикэм и нобэрей щытыкІэм зэранышхуэ хуохъу. Кьэрал, муниципальнэ мылъкур, щІы Іыхьэхэр кьызэрагъэсэбэп щыкІэм республикэм и и аппаратым и прокуратурэм и хабзэншагъэ инхэр кьыщехутэ. ЖКХ-м и предприятэхэми ныкъуэсанигъэр щыкуэдщ. Абыхэм я нэхъыбэм банкроту зыкъэгъэтІысыжьа, ауэ я унафэщІхэм транспорт лъапІэхэр кьащэху, Іэнатіэ дзыхьщІыгуфэзэжьам зэгурыІуэныгъэхэр иращІылІэ, зыхуэмей Іуэхутхьэбзэхэм мылъку хухах, нэгъуэщІ Іэмалхэри кьагъэсэбэпурэ, ухуэныгъэм халтьхэ ахъшэр зыкІэщІауплщІэ.

ЗэІущІэм щызэгурыІуащ коррупцэм пэщІэтынымкІэ законодательствэр зэрагъэзащІэм зэуІуу кьапщытэну икІи япэ игъэщыпхъэу кьаІыпытхэр щагъэбелджылащ.

Коррупцэм пэщІэтынымкІэ законодательствэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъныным прокуратурэм и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Абы кьыхэкІыу, цІыхухэмрэ Іуэхущ Іапі эмрэ зыфхудогъаззэ коррупцэ хьэгъэщагъэ зэрахьэу я щІыналъэм ахъшэр зыкІэщІауплщІэ.

КъБР-м щыІэ МВД-м (Налшык кьалэ, Кулиевым и цІэр зезыхьэ уэрам, 10, телефонхэр: 02, 49-50-62); ФСБ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм (Налшык кьалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 4, телефонхэр: 48-15-81); УФ-м Следствэмкі э и комитетым и щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм (Налшык кьалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 36, телефонхэр: 77-64-22); КъБР-м и прокуратурэм (Налшык кьалэ, Кулиевым и цІэр зезыхьэ уэрам, 16, зэпымыууэ лажьэ телефонхэр: 8(928)083-02-80, дежурнэ прокурорым ейр: 40-45-51, электронпощтыр: prokuror-kbr.ru).

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и депутат Берд Хьэзрэталий Александр и къуэм и полномочиехэр я пІалъэр къэмысу щхьэщыхьным и Іуэхукі э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и Іуэхукі э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4-нэ статьям и пункт 1-м и Іыхьэ 1-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Берд Хьэзэрэталий Александр и къуэм, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм къыбгъэдэкІыу республикэм и хэхьапІэ округ зэгуэтым щыхахам, и полномочиехэр нэхъ пасэу, 2015 гъэм фокІадэм и 10-м щегъэжьауэ, щхьэщыхьаУ къэлъытэн.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ІЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык кьалэ
2015 гъэм фокІадэм и 30-м
№304-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и депутат Ячный Игорь Владимир и къуэм и полномочиехэр я пІалъэр къэмысу щхьэщыхьным и Іуэхукі э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и Іуэхукі э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4-нэ статьям и пункт 1-м и Іыхьэ 1-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Ячный Игорь Владимир и къуэм, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм къыбгъэдэкІыу республикэм и хэхьапІэ округ зэгуэтым щыхахам, и полномочиехэр нэхъ пасэу, 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 9-м щегъэжьауэ, щхьэщыхьаУ къэлъытэн.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ІЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык кьалэ
2015 гъэм фокІадэм и 30-м
№305-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и депутат Тау Ритэ Руслан и пхъум и полномочиехэр я пІалъэр къэмысу щхьэщыхьным и Іуэхукі э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и Іуэхукі э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4-нэ статьям и пункт 1-м и Іыхьэ 1-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Тау Ритэ Руслан и пхъум, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къыбгъэдэкІыу республикэм и хэхьапІэ округ зэгуэтым щыхахам, и полномочиехэр нэхъ пасэу, 2015 гъэм фокІадэм и 25-м щегъэжьауэ, щхьэщыхьаУ къэлъытэн.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ІЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык кьалэ
2015 гъэм фокІадэм и 30-м
№306-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Шондыр Олег Лиуан и къуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым РегламентымкІэ, депутат щэнхабзэмрэ парламент лэжьыгъэр зэгъэуІуныкмкІэ и комитетым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ПромышленностымкІэ, транспортымкІэ, связымрэ гъэзэгу хозяйствэмкІэ и комитетым кьыхэгъэкІын икІи ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законодательствэмкі э, къэрал ухуэкІэмрэ щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныным и комитетым хэгъэхьан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ІЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык кьалэ
2015 гъэм фокІадэм и 30-м
№307-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законодательствэмкі э, къэрал ухуэкІэмрэ щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныным и комитетым и унафэщІыр хэхьным и Іуэхукі э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законодательствэмкі э, къэрал ухуэкІэмрэ щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныным и комитетым и унафэщІым и къуэдзэм и комитетым и унафэщІым кьыхэгъэкІын икІи Мэлбахъуэ Борис Хьэмидбий и къуэр.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ІЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык кьалэ
2015 гъэм фокІадэм и 30-м
№308-П-П

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законодательствэмкі э, къэрал ухуэкІэмрэ щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныным и комитетым и унафэщІым и къуэдзэм и къупыкъур профессиональнэ лъабжьэм тету игъэзащІэу къэлъытэн.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ІЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык кьалэ
2015 гъэм фокІадэм и 30-м
№309-П-П

Сабийхэм я къэкІуэнур зэлъытар

● Политикэ партхэм

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щІыналъэ гъэзэщІакІуэ комитетым щагъэлъэпІащ Гъэсакіуэм, си школ кІуэгъуэ мыхъуа сабийхэр щыгьгъ Іуэхущ Іапі эхэм я лжьакІуэхэм я махуэмрэ Егъуджакіуэм и махуэмрэ. ЗэІущІэр кьызэІузыхари езыгъэкІуэкІари а гъэзэщІакІуэ комитетым и унафэщІым и кьуэдзэ Шурдым Мадинэщ.

АБЫ КЪРАГЪЭЛІГЪЭЩ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щІыналъэ гъэзэщІакІуэ комитетым и Іэтащхьэ Парафилов Дмитрий, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Іым и кьуэдзэ Жанатаев Сэлим, КъБР-м и Парламентым Социальнэ политикэмкІэ, лэжьыгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымкІэ и комитетым и унафэщІ Бгъэжьнокъуэ Зуриятэ сымэ.

- Сабийхэм я кьэкІуэнур зэлъытар фэращ. Дэ шэч кьытетхъэркъым фэ фхэлъ шыІэныгъэм, вбгъэдэлъ щІэныгъэм ди щІэблэр гъуэгу захуэм зэрытращэнум. Дыхуейщ адэкІи фыуэнышэу, фи гъэсэнхэм я ехъулІэныгъэхэм фригушхуэу кьэдгъфылэжьэну, - жиІащ Парафиловым.

Егъуджакіуэхэм ехъуэхъуащ Жанатаев Сэлимрэ Бгъэжьнокъуэ Зуриятрэ. Гъэсакіуэхэмрэ егъуджакіуэхэмрэ фІыщІэ тхыльхэмрэ удз гъэгъаХэмрэ иратащ.

ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэ.

● Фэеплъ

Подполковник Къалмыкъ Руслан и ЛІыгъэ

2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэр Налшык бзаджащІэ ерухэр кьызэрытеуэрэ илъэсипщІ дэкІащ. Ар гум имыхуж гуауэзыхуэщ. Республикэм и щхьэІуэнум, мамырыгъэм папщІэ я кьару емыблэжу щІэпхъаджащІэхэм ялэщІэтащ хабзэхъумэхэр. Махуиткіэ екІуэкІа а зэпэщІэувэныгъэм хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я лжьакІуэу 35-рэ, цІыху мамыру 15 зэкІуэдащ.

МИЛИЦЭМ и подполковник Къалмыкъ Руслан Асльэнбий и къуэр КъБР-м и МВД-м и Криминальнэ милицэм и гуп щхьэхуэм и командирым и къуэдзэт. Къэрал кІуэІ Іуэхухэмкіэ органхэм 1993 гъэ лъандэрэ щылажьэрт.

2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м пщэдджьыжьыр сыхьэти 9-рэ дакьикъэ 20-м КъБР-м и МВД-м и Криминальнэ милицэм и ОМСН-м и лжьакІуэхэр гуэвэгъуэхэкІ я кьаІэтат. Милицэм и подполковник Къалмыкъ Руслан щІэпхъаджащІэхэр зытеуахэм ядэІэпыкъуну КъБР-м и МВД-м и Криминальнэ милицэм и ОМСН-м и лжьакІуэхэр щІыгъуу кьалэм кІуащ.

«Урал» автомашинэм ису кІуэ ОМСН-м и лжьакІуэхэм Кулиевымрэ Ленинымрэ я щІэхэр зезыхьэ уэрамхэм я зэхэкІыпІэм деж, «Гном» кафем и лъэныкъуэмкІэ кьикІуу автомашинэхэр кьытрагъэпІалъэу щІадзащ. Зэхуэум щІэпхъаджащІэхэм ящыщу тку хэкІуащ, зы гъэ ящІащ. Милицэм и подполковник Къалмыкъыр зэхэуэм хэтащ, и лжьэгъэхуэм ячэ яхуищу. Абы зызыгъэпщкІужьну хэта бзаджащІитІ ирагъащ. Зэхэуэр ирихьэ нэужь, ОМСН-м и лжьакІуэхэм «Газель» автомашинэмкІэ Ленинымрэ и цІэр зезыхьэ проспектым тету ОВД №2-мрэ «Т» центрымрэ зытет Нэгуэмэ и цІэр зезыхьэ уэрамымкІэ яунэтІащ. ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм и унэмкІэ щыкІуэм, абыхэм хьэбар кьаІэрыхьащ. Республикэ библиотекэм деж ІуІэгъэ хуэр а милиционер зэрыщІыпхъэ теуухуащ. Бронетранспортерым зыкъуигъапщкІуэурэ, Къалмыкъ Руслан ІуІэгъэ хуэар а щІыпІэм кьригъэІэпхъуКІыну мурад ищІащ. Лениным и цІэр зезыхьэ проспектымрэ Нэгуэмэ и уэрамымрэ я зэхэкІыпІэм тет «Сувениры» тыкуэнымкІэ «Газель»-м кьыщеуэу щІадзэри, Къалмыкъым и бгъэгум кьыхтеуа шэм и ажал хэпльэ кьыщІэкІащ.

ЛІыгъэрэ хахуагъэрэ кьигъэльагъуэу си гъащІэр зыта милицэм и подполковник Къалмыкъ Руслан и цІэр Бахьсэн къалэм и курыт еджапІэхэм ящыщ зыщ зэрехь.

ДЫГУЛЫБГЪУ Мырзэкъан.

Гулъытэ хуащІ

● Егъэджэныгъэ

Ныкъуэдыкъуагъ зыбгъэдэлъ сабийхэм я бжыгъэм кІуэ пэтми кьахохъуэ. Ди жагъуэ зэрыхьущи, ахэр зэманым кьигъэув еджэныгъэ мардэхэм гугъуесыгъуу фІэкІа хэзагъэркъым. Абы кьыхэкІыу езы цІыкІуэри, я адэ-анэхэри а Іуэхум игъэпІейтей зэпытщ.

ДИ РЕСПУБЛИКЭР ящыщщ сабий ныкъуэдыкъуэхэм хуащІ гулъытэр хэхъуэ зэпыту щекІуэкІ щІыналъэхэм. ЕгъуджэныгъэмкІэ кьалэ департаментым и нэІэм щІэту абыхэм егугъуу щадэлажь кІуэт ерджапІэхэм кьыщагъэсэбэп Іуэху бгъэдыхьэкІэхэр зэрырагъэфІэкІуэным хущІокъу, сабийхэр зэрырагъэджэну программэ щхьэхуэхэр зэхалъхь. Абыхэм япкъ иткІэ щІыкІуэм я деж кІуэгъэ унэм щрагъаджэ, куэдым класс щІыб щІэныгъэ щрагъэгъуэт Пэлэщ (дистанционнэ) егъуджэныгъэмкІэ сабий ныкъуэдыкъуэхэм я ресурсхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Дифі догъэлъапІэ

Щіэныгъэлым и щіыхькіэ

Фокіадэм и 25-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым щагъэлъэпІащ ди лъэпкъ щІэныгъэм и зыужьныныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа, зи ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуа Бакіуу Къанджэрий.

ЗЭІУЩІЭМ Хъанджэрий ехъуэхъуну, тыгъэ хуащІыну къэкІуат: КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухъэдин, КъШКъУ-м и проректор, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор ПІаз Сергей, ЩІУА-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым и унафэщІым и къуэдзэ Улаков Махьты, КъШКъУ-м и профессор, филологие щІэныгъэхэм я доктор Иуан Зэуал, КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэухуэхмкіэ и министерствэм и къудамэм и унафэщІ Джатэ Іэминат, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и унафэщІ Дзэмыхь Къасболэт, КъБКъУ-м и профессорхэу, филологие щІэныгъэхэм я докторхэу Толгуров Зейтунэ Тетуев Борисрэ, КъБКъУ-м Филологиемкіэ и институтым адыгэбзэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ Къардэн Мусэдин, АРИГИ-м и щІэныгъэлІ нэхъыщхьэ, профессор Мамий Руслан сыныр, нэгъуэщІхэр.

Зэхуэсыр Іыхьитіу екіуэкІащ. ЯпэщІыкІэ абы щІыІуащ хъуэхъу псалъэхэмрэ фІэхъыс сэламхэмрэ. Иужькіэ лэжьыгъэм «СТІол хъурей» щІыкІэу пащащ.

Адыгэ лъэпкъым и къэкІуэнум зэрыгелажьэм, илъэс куэд щІауэ щІэныгъэм хэлъхьэныгъэ зэрыхуищІым папщІэ Бакіуум къыхуагъэфэщащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм, КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэухуэхмкіэ и министерствэм, Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэм, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Адыгей институтым, Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым, нэгъуэщІ Іэнатіэхэм къабгъэдэкІ щІыхь, фІыщІэ тхьилъхэр.

ЩІэныгъэлІэхэр тепсэлъыхьащ Бакіуум литературэдж щІэныгъэм хуищІа хэлъхьэныгъэм, ди литературэм къыпэщылъ къалэнхэм, абы и тхыдэм, теориемкІ, критикэмкІ, эдэбэныным теухуауэ щыІэ Іээхуэгъуэхэм.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Гъуазджэ

ЦРЫМ Руслан:

Гъащіэм и купщІэм сылъхьуэн хуей хъуакъым

Сурэтыщі гъуазджэхэмкіэ музейм иджыблагъэ къыщыдзэІуахащ КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ Црым Руслан и выставкэ. «Нарт пшынальэхэм» гъэлъэгъуэныгъэм, и цІэм къыдэрыбгуригъаІуэщи, сурэтыщІым хигъэхьащ нарт эпосым триухуа и лэжьыгъэхэр.

Црым Руслан

«ЭПОСЫР цІыхухэм я нэгу кьызэрыщІыхьэр зэхуэдэукъым. Нэхъыбэ абы елэжьыху, упщІэ нэхъыщхьэхэм я жэуап къэдгъуэтынущ. 1980 гъэхэм лъандэрэ сэ си цхьэм нарт пшынальэхэр итщ, теплъэгъуэ щхьэхуэхэр гупсысэкІэ сщІыуэ сыкъокІуэкІ. Арщхьэкіэ тхьилъмпІэм ар сыт хуэдэ лъэныкъуэкІэ нэхъэсынми сымыщІэу сыкъэзгъуэгурыкІуащ, зыгуэрхэри дунейм кьытехьащ. ИтІанэ язэ «нарт» псалъэм и купщІэм сыпхьплъыпа нэужь, мы выставкэм къыщызгъэлъэгъуа лэжьыгъэхэр утыку кьысфІихьащ», - кьыддогуашэ Црымыр и епльыкІэхэмкІэ.

Адыгэ Іуэрыіуатэм щыщ Іыхьэхэр - «Кхъуэхьпщ и уэзджьынэ», «Мэльчыпхъэ», «Жьыбгъэмбг», «Сэтэней Іэдэр кьыззригупсысар», «Уафэр щымыджэмыпщІэу щІыльэр щызэпщІагъащІэм», «Уафэр хъыкІэ щІухуэм», «Вакіуэ Нанэ», «Сосрыкъуэ кьыззраІуахуар», нэгъуэщІ сурэтхэри - Црымым кьыззригъэльагъуэр зэуэ наІуэкъым, гурыІуэгъуэкъым, щхэу яхэлъщ. СурэтыщІым дамыгъэхэмрэ тхыпхъэхэмрэ кьеГъэсэбэри, нартхэм я Іэшхэм дызэремысам хуэдэу нэгъуэщІнэкІэ дыхеГъаплъэ. Ахэр кьыбгурІуэн щхьэкіи философие гупсысэкІэ уиІэн хуейуэ къыщІэкІынщ. «Црым Руслан къэпщІыхуа иужькіи, и кІэм нэсу зэи къыпхуэхуэтэнукъым и псэм и кьулеягъыр. Апхуэдэ дыдэщ и сурэтхэри. Езым я «дуней» яІэжщ», - жиІащ гъэлъэгъуэныгъэр кьыщыззІуахым КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухъэдин.

«ГъащІэр езым зэрыфІэфІу къеГъэлъагъуэ Црымым - зэми гуГуу, языныкъуэхэми тыншу. Ауэ тІум щыГуэми абы и Іэдакъэщіэкіхэм еплъыр хуейуэ сурэтыщІым и гупсысэм мэлъыхъуэ», - кьыхигъэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» КъТРК-м и унафэщІ Фырэ Руслан.

«Нарт пшынальэхэм» кьрихьэлІащ КъБАССР-м щэнхабзэмкІэ и министру щыта Ефэнды Джылахьстэнэ. Абы жиІащ сурэтхэм я дахагъэм кьыззригъэІэбжьар, сыт хуэдэ къэралми ахэр щыбгъэльагъуэ хъуну кьыззрыщыкъуар. «Црым Руслан художник къудейкъым. Ар философщ, абы къэкІуну дахэ иІэщ», - кьыхигъэщащ тхьэмадэм.

Я Іуэху еплъыкІэхэр кьагъэльэгъащ КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан, жылагъуэ институтхэм зегъэужьыныкІэ, хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и комитетым и унафэщІ Пащты Борис, КъБР-м и Сурэтыщіхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Темыркъан Геннадий, КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ Кіыщ Мухъэдин сымэ.

Выставкэм щагъэльэгъуащ Црым Руслан трака видеоинтервьюр. СурэтыщІым абы кьыщиІуэта и гупсысэ купщІафІэхэм, и гъащІэ Іыхьэхэм щыщщ:

«СурэтыщІым дежкІэ нэхъ гугъур щІэ гуэрым хунэсын-лъэІэсынракым, атІэ зэман-зэманкІэ зыІыгъа гупсысэхэр иутІыпщынырщ. Зы Іуэхугъуэм зэпымыууэ егупсысу щытмэ, нэгъуэщІыр абы кьигъэщІыфыркъым. Абы и лэжьыгъэм кьыщыщидзэр и гупсысэр хьэзэрИуэтэнымрэ ар зэритхынымрэ емыгупсысыж щыхъуарщ».

«...Гъащіэм и купщІэм сылъхьэн хуей хъуакъым зэи, сыту жыпІэмэ сурэтыщІ кьыззрысхэкІынур сызэрыщІыкІурэ сщІэрт. Ауэ сыкьыщыхъуа къуажэ курыт школым (Псыгуэнсу) сурэт щІыным дыхуигъэсэну диІар биологиемкІэ езыГъаджэрт. Ар си дежкІэ нькъусаныгъэшхэт, ауэ сэри сыерыщіти, зэрызыужьыным езыр-езыру сыхущІэкъурт. Си анэм Іуэхукіэ сыдигъэкІамэ, зыкъомрэ сыкъэкІуэжыртэкъым, сурэт щІыным сыдихьэхыІуэрти, гъуэгум сыкьытенэрт...».

«Школ нэужьым еджапІэ сыщІэтІысхьэн хуей хъурэ, экзаменым сыкІуащ. Пэжыр жысІэмэ, зэхьэзэхуэм ерагъкІэ сыкІуэцІрыкІауэ арат. Сурэт сщІыуэ сыкъыдэжкІуэтэнми, «живописим» хэсщІыкІышхуэ щыІэтэкъым. ...ТхьилъмпІэ напэшхуэ зырыз къытхуагъэшащ, сурэт зытетщІыкІынури къагъэуващ. Сепльщ-сыкъеплъри, тхылъымпІэм и нэз дыдэм къытхуагъэльэгъуар цІыкІу дыдэу исщІыхьащ. Си бгъэмкІэ зы урыс щІалэ цІыкІу кьыщІыт, псынщІэ-псынщІэуэ дагъэ лэч гуэркъэ зыжиІащ, къэрэндащхэр зэриихуэжІэр мы-хьэнэшхуэ зиІэ лэжьыгъэ и Іэдакъэ кьыщІигъэкІ фІэкІа умыщІэну фэ зытригъауэу. ЩІалэр пІейтейт. Сэ сегупсысащ: «Мы тхьэмыщкІэжь мыгъуэри сурэтыщІ хъуну хуейуэ аращ», - жысІэри. Арщхьэкіэ ди лэжьыгъэхэр кьапщытэжри, сэ «3» схуагъэуващ, «тхьэмыщкІэжь» жыхуэсІам «5» кьихьащ. Къэхуэар схуэзгъэзагъэкъым...»

*«Сыт хуэдэ лэжьыгъэми ещхьу, живописми япэ лъэбакъуэ щыхэпчэкІэ гугъущ. Ауэ абы хуэІззэ ухъуа нэужь, ар езыр къопсалъэ, уи гупсысэрешэщ. ЕджапІэм сыкъащта щхьэкІэ, ди егъэджакІуэ Абыдэ Евгений япэ махуэхэм щыщІэзгъэфІыуэ сыкъыльэгъуатэкъым. Уеблэмэ, гу къысІытхэхэрэтэкъым. А Іуэхуи нэхъри сыкигъэгупсысыкьри, кьыхэсха Іэщагъэм машІэу си гур кьыІбгъэдэкІуэтат. АрщхьэкІэ псоми зы махуэм зихъэжащ. А зэманхэм, нэхъыжьхэм ящІэж къыщІэкІынщ, сурэтыщІхэр «этюдым докІуэ» жаІэу, щІыуэпсым хэту лажьэхэрт. Апхуэдэ махуэ гуэрым, Абыдэм и мыхаб ззу, и гъусэу этюдым сызэрыкІуэр къызжиІащ. Махуэр гуакІуэт, дыгъэпст, пшэ хужь Іуэхэр жьзум Іэрамы гъэм япэу кьыхагъэщІащ. Абы щхьэкІэ къэмынэу зэхьэзэхуэм бжьыпэр быдэу щІыІыгъ икіи къикІуэтыну и мурадкъым. Жагъуэ хъунур апхуэдизу хабзэншагъэ кьызэрыкІэпльызэрахьар ар зи пщэ къыдэхуэхэм гулъытэншэу кьаГъанэмэщ.

Иджы щыгъуаэз фыхуэтщІынщ етІуанэ дивизионым и «Апшэ» гупым зэхьэзэхуэм ижьыу щекІуэкІа джэгуГуэм кьриКІуа бжьгъэхэм. Мис ахэр: **«Биолог-Новокубанск»** (Программ-ресс) - **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **2:2**, **«Тэрч-2»** (Грозный) - **«Черноморец»** (Новороссийск) - **1:1**, **«Мэшыкъуэ-КМВ»** (Псыхуабэ) - **«Дружба»** (Мейкьуапэ) - **2:0**, **«Алания»** (Владикавказ) - **СКА** (Дон Іус Ростов) - **0:3**, **«Астрахань»** (Астрахань) - **«Динамо-Ставрополь»** (Ставрополь) - **0:0**, **«Краснодар-2»** (Краснодар) - **МИТОС** (Новочеркасск) - **4:1**.

Кьыкіэлъыкіуэ джэгуГуэр жэпуэгъуэм и 11-м зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» кьригъэблэгъэнущ Грозный и «Тэрч-2»-р.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Апшэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	**«Спартак-Налшык»**	**12**	**9**	**2**	**1**	**20-5**	**29**
2.	«ІэфІыпс»	12	8	1	3	19-12	25
3.	«Краснодар-2»	12	7	2	3	25-11	23
4.	«Черноморец»	12	5	4	3	15-14	19
5.	«Мэшыкъуэ-КМВ»	12	5	3	4	13-10	18
6.	«Тэрч-2»	12	4	5	3	19-13	17
7.	СКА	12	5	1	6	15-14	16
8.	«Динамо-Ставрополь»	12	4	4	4	11-10	16
9.	«Ангушт»	12	4	3	5	11-12	15
10.	«Астрахань»	12	4	2	6	11-16	14
11.	МИТОС	12	3	2	7	10-20	11
12.	«Биолог-Новокубанск»	11	2	3	6	7-14	9
13.	«Алания»	12	1	6	5	5-17	9
14.	«Дружба»	11	2	2	7	11-24	8

● ДифІ догъэлъапІэ

Щіэныгъэлым и щіыхькіэ

Фокіадэм и 25-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым щагъэлъэпІащ ди лъэпкъ щІэныгъэм и зыужьныныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа, зи ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуа Бакіуу Къанджэрий.

ЗЭІУЩІЭМ Хъанджэрий ехъуэхъуну, тыгъэ хуащІыну къэкІуат: КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухъэдин, КъШКъУ-м и проректор, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор ПІаз Сергей, ЩІУА-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым и унафэщІым и къуэдзэ Улаков Махьты, КъШКъУ-м и профессор, филологие щІэныгъэхэм я доктор Иуан Зэуал, КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэухуэхмкіэ и министерствэм и къудамэм и унафэщІ Джатэ Іэминат, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и унафэщІ Дзэмыхь Къасболэт, КъБКъУ-м и профессорхэу, филологие щІэныгъэхэм я докторхэу Толгуров Зейтунэ Тетуев Борисрэ, КъБКъУ-м Филологиемкіэ и институтым адыгэбзэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ Къардэн Мусэдин, АРИГИ-м и щІэныгъэлІ нэхъыщхьэ, профессор Мамий Руслан сыныр, нэгъуэщІхэр.

Зэхуэсыр Іыхьитіу екіуэкІащ. ЯпэщІыкІэ абы щІыІуащ хъуэхъу псалъэхэмрэ фІэхъыс сэламхэмрэ. Иужькіэ лэжьыгъэм «СТІол хъурей» щІыкІэу пащащ.

Адыгэ лъэпкъым и къэкІуэнум зэрыгелажьэм, илъэс куэд щІауэ щІэныгъэм хэлъхьэныгъэ зэрыхуищІым папщІэ Бакіуум къыхуагъэфэщащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм, КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэухуэхмкіэ и министерствэм, Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэм, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Адыгей институтым, Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым, нэгъуэщІ Іэнатіэхэм къабгъэдэкІ щІыхь, фІыщІэ тхьилъхэр.

ЩІэныгъэлІэхэр тепсэлъыхьащ Бакіуум литературэдж щІэныгъэм хуищІа хэлъхьэныгъэм, ди литературэм къыпэщылъ къалэнхэм, абы и тхыдэм, теориемкІ, критикэмкІ, эдэбэныным теухуауэ щыІэ Іээхуэгъуэхэм.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Еджапіэ

Хьэрычэтыщіэ ныбжьыщіэхэм я бжьыхьэ жармыкіэ

Налшык къалэ дэт «Успех» еджапІэм, хабзэ зэрыхъуауэ, школ жармыкІэ щекІуэкІащ. Еджакіуэхэм утыку кьрахьащ езыхэм ящІа хьэпшыпхэр, ерыскъыхэкІхэр, нэгъуэщІхэри. Пэжщ, абыхэм къадэІэпыкъуащ я адэ-анэхэр.

БЖЬЫХЬэ дыщафэ махуэ дахэм «Успех» центрым и куэбжэр зэІуихащ жармыкІэ плъыфэбэ дахэм иригъэблагъэу. Лъэпкъ шхыныгъэхэм я мэ гуакІуэм, еджакІуэ щІыкІуэм и Іэдакъэщіэкі гъэщІэгъэнхэу зи теплъэм уитхьэкъуэм уэІэпашэрт. ШколакІуэхэм ящыщ куэдым жармыкІэм хьэрычэтыщІэ щІэныгъэм ящІэ лъэбакъуэхэр щыхачащ. Фигу къэдгъэкІыжьынщи, «Успех» къэрал кІэзонэ Іуэхущ Іапіэм и унэтІыныгъэхэм ящыщщ хьэрычэт Іуэхур.

Еджапіэ Іэнатіэм и бизнес-клубым и ныпыр яІэтри, жармыкІэр къыззІуахащ. ЩІыхь зыпылъ а Іуэхур ягъэззэщІащ мыбы ипэкІэ зэпеуэм щытекІуа хьэрычэтыщІэхэм.

Фіэхьус псалъэкіэ сабийхэм, абыхэм я адэ-анэхэм, жармыкІэм кьрихьэлІахэм захуигъэзащ «Успех» еджапІэм и унафэщІ **Алекъуэ Жанна**. «Мы Іуэхугъуэм нэхъыщхьэу хэлъыр ди гъэсэнхэм я зэфІэкІыр яГъэлъэгъуэну Іэмал зэрэІэрщ», - жиІащ абы.

Кьызэхуэсахэм я пащхьэм кьыщыпсэлъащ Мэкъуу кьиКІа хьэщІэ лъапІэ, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, «Успех» центрым и щІэныгъэ унафэщІ, бизнес-клубым щІыхь зиІэ и президент **БесединАлександр**. Жармыкіэмэ зыщыщхуагъэхьэныр еджакІуэхэми егъэджакІуэхэми лэжьыгъэфІ зэрыфагъэкІуэкІам абы гупытэ хуищІащ, цІыкІуэм ехьэлІэныгъэ яІэмэ зэригуапэр жиІащ.

КьыкІэлъыкІуэу псалъэ зратар мы Іуэхум зи нэІэ тет советым хэт **Къазий Хьэсэнбийщ**. Абы жиІащ мыпхуэдэ дэтхэнэ жармыкІэри сабийхэм, адэ-анэхэм, егъэджакІуэхэм я дежкІэ ипэкІэ зышэ лъэбакъуэщІэ зэрыхъур. Ар цІыкІуэм ящытхъуащ жармыкІэм щагъэлъагъуэ хьэпшыпхэр зэмылІуэжьыгъуэу, фІагъ яІэу, гъэщІэгъуэну зэрагъэхьэзырам папщІэ.

Школым егъэджэныгъэмкІэ и заву **Шыгуанэ Фуэд** жармыкІэр къыззрызэІуахамкІэ еджакІуэхэм екъуэхъуащ, екъуалІэнагъэ зыІэрагъэхьэну зэригуапэр жиІэри, тепсэлъыхьащ кикбоксингымкІэ дунейпсо кубокыр кьэхьыным теухуауэ Анапэ къалэм щекІуэкІа зэпеуэм центрым щызыІэригъэхьа спорт екъуалІэныгъэхэм. А зэхьэзэхуэм етхуанэ классым щеджэ Дыгулыбгъу Хьэчим ещанэ увыпІэр щиубыдащ.

Спортсмен ныбжьыщІэм Іэгуауэм щІэту дипломрэ медалрэ иратыжащ. «Diamond» дунейпсо кубокыр кьэрал 26-м ящыщ ныбжьыщІэхэу миным щІигъу зэхуэзэшІэса зэхьэзэхуэт. Хьэчим жэз медалыр щызыІэригъэхьар сабийхэр щызэпеуэ «кик-лайт» лІэужьыгъуэрщ. Ныбжьыщ Іэм и тренерщ «Успех» еджапІэ центрым физкультурэмкІэ и егъэджакІуэ Къуэдзокъуэ Жамболэт.

Школакіуэ ныбжьыщІэхэм ягъэлъэгъуа концертым къыззхуэсасхэм я гукъыдэжьыр кьиІэтащ. Сабийхэр екІуу кьафэрт, узытхьэкъу, гум дыхьэ уэрэд цІыкІуэр жаІэрт. «ХьэрычэтыщІэ ныбжьыщІэхэм» я макъ жьгъыруэхэмкІэ щхэхуакІуэхэр ирашалІэрт. Хабзэхэм тету мыбы зыгуэр къыззрыщыщІэхуфынур валютэ хэжакІэт - «успешкэхэрати», апхуэдэ ахъшэхэр жармыкІэм кьрихьэлІа псоми иратат. Жармыкіэм щыкъуэт езыхэм яГъэхьэзыра ІэфІыкІэ зэмылІэужьыгъуэхэр, лъэпкъ шхыныгъуэхэр, гъэщІэгъэнэт абыхэм ящІа бижутерие хьэпшып лІэужьыгъэхэри. Школакіуэхэмра абыхэм я адэ-анэхэмрэ яГъэхьэзыра ІэфІыкІэхэр яГъэщІэрэщІат я Іэкіэ ящІа сурэтхэмкІэ икіи абыхэм таурыхъхэм укъыхасГъэхутэ хуэздэт. Псори хъущІэкъурт Іэмал зэрилкІэ «успешкэ» нэхъыбэ зыІэрагъэхьэу хьэрычэтыщІхэм я зэпеуэм щытекІуэну.

УАРДЭ Женя.

Сурэтыр **Мамий Руслан** *трихащ.*

● Футбол

Зы дакъикъэм пенальтитІым пэщІэтыгъуейщ

«ІэфІыпс» (ІэфІыпс) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:0 (1:0). ІэфІыпс. «Андрей арена» стадион. Жэпуэгъуэм и 4-м. ЦІыку 600 еплъащ.

Судьяхэр: Стрельцов, Степанян (тІури Дон Іус Ростов щыщщ), Чекалин (Воронеж)

«ІэфІыпс»: Шамрин, Золотов, Хибабэ, Дрампов, Кирьян, Петрук, Иванов, Правилэ, Черкасов (Ещенкэ, 82), Ваниев (Бабенкэ, 70), Маслевский (Юдин, 90).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Кузнецов, Дашаев, Мурачёв, Соблир (Мэшыкъуэ, 89), Дроздов (Багъэтыр, 64), Гъурф, Дзыхьмыщ (Ахриев, 76), Крамаренко, Бажэ, ПІуп.

Топыр дигъэкІащ: Маслевскэм, 6-пенальтикІэ (1:0).

Дагъуэ къыхахащ Правилэ, Хибабэ, Черкасовым, Ивановым, Бажэм, Багъэтырым.

Джэгум къыхахащ Багъэтырыр.

Етхуанэ дакъикъэм Ваниевыр пенальти худэгъэкІакъым.

ФУТБОЛЫМ Іэджи кьыщохьу, ауэ кьалэ теплъэ иІэу Краснодар крайм хьэхъэ ІэфІыпс жылагъуэм тхьэмахуэ кІуам ди нэгу щыщІэкІар фІэщщІыгъуёйщ - зэІущІэм и пэщІэдзэ дыдэм судьям пенальтитІ зэкІэлъхьэужьу зы дакъикъэм къриубыдэу ди гъуэм кьригъэуащ, кьищынэмыщІауэ, абы и кІэухым ди зы щІалэ джэгум къыхихуащ.

Гурыіуэгъуэщ бжьыпэр зыІыгъым текІуэну псори зэрыщІэхъуэпсыр. АбыкІэ къэхуогъу нэхъапэм яхуэзэфІэмыкІаХэр. Аращ зыхуащІэкъуар «ІэфІыпсыр» мыльхъкІэ къыззззыгъэпщэхэри. Мазэ и пэкІэ Грозный икІа «Тэрч-2»-м 3:7-уэ къыззрыхигъэщІам игъэгубжьа хьэрычэтыщІэ Андреевым щІыпІэ командэм и тренерхэмрэ футболист зыбжанэрэ напІэзыпІэм гупым къыхихуащ. Абы лъандэрэ очкоибгъум щыщу плІы фІэкІа кьимыыхьыфу пашэныгъэр зыІыгъ «Спартак-Налшык» хэпщІыкІыу къыкІэрыхуа «ІэфІыпсыр» ди щІалэхэм лъэщІэгъэзэхьэжьн хуейти, сыт хуэдэ Іэмалри кьезыгъэІынут. Апхуэдэ зы зэкІапІэу зы къыщІэкІащ судьям нэхъыщхьэр я телъхьэ кьащІыныр.

Джэгум щІидзэри дакъикитху дэкІуэу арат ди гъащІэхъэхуэмэ Мурачёвыр штрафноём кьихьэ топым щхьэкІэ еуэу щриХуам. Абы кьеныкъуэкъуэ Ваниевым зигъэджэлащ иКІи судьям метр пщыкІузым и деж игъэльэгъуащ. Ар зэрымызахуэр кьыгурыбгъэІуну зыри кьэзэрымыкІ Іэзэгугъуэт. Езы Ваниевыр пенальтим еуащ, арщхьэкІэ Антиповым топым кьригъэгъаззэри, угловоём игъэкІуащ. Ар кьыхата иужькІэ судьям аргуэру метр пщыкІузым игъэльэгъуащ, Абы хужьпІэнур кьэгъуэтыгъуейт. Сытми, етІуанэ еуэгъуэм хэгъэрейхэм бжьыгъэр кьыззІуахащ.

Адэкіэ щытыкіар джэгуГуПІэ губгъуэм къыщІэзщІэплъащ. Судьям кьыхуагъэзува кьалэныр игъэзэщІэуръэ ди щІалэхэм я щхьэр къаригъэІэтыртэ кьым. Дэтхэнэ зыебгъэрыкІуэныгъэри и кІэфиим къызэтригъэувыІэрт, кьуаншэу нэхъыбэм кьиІыхьэри ахэрат.

ЗэІущІэм и кІэухым зыфІахьэху гупыр кьаруушуэхэкІэебгъэрыкІуэ хабзэщ. Апхуэдэу кьэмыхъун папщІэ судьям напшыкІдэсхэр нэхъ машІэу къиГъэнащ, зы мыхьэнэншэ щхьэкІэ Багъэтырым тІэунейрэ зэкІэлъхьэужьу дагъуэ кьыхуищІри.

Ди командэм и тренер нэхъыщхьэ Биджиевыр зэІущІэр зэриухуу джэгуПІэ губгъуэм кьильэдат, лЫхуэдэу судьям епсэлъэну. Арщхьэкіэ абы кьэйгъэшхуэ кьыззрикІынур гурыІуэгъуэти, гупым и капитан Бажэ Амиррэ адрей щІалэхэмрэ ерагъкІэ яГъэсабырыщащ.

«Спартак-Налшыкыр» мы гъэм япэу кьыхагъэщІащ. Абы щхьэкІэ къэмынэу зэхьэзэхуэм бжьыпэр быдэу щІиІыгъ иКІи къикІуэтыну и мурадкъым. Жагъуэ хъунур апхуэдизу хабзэншагъэ кьызэрыкІэпльызэрахьар ар зи пщэ къыдэхуэхэм гулъытэншэу кьаГъанэмэщ.

Иджы щыгъуаэз фыхуэтщІынщ етІуанэ дивизионым и «Апшэ» гупым зэхьэзэхуэм ижьыу щекІуэкІа джэгуГуэм кьриКІуа бжьгъэхэм. Мис ахэр: **«Биолог-Новокубанск»** (Программ-ресс) - **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **2:2**, **«Тэрч-2»** (Грозный) - **«Черноморец»** (Новороссийск) - **1:1**, **«Мэшыкъуэ-КМВ»** (Псыхуабэ) - **«Дружба»** (Мейкьуапэ) - **2:0**, **«Алания»** (Владикавказ) - **СКА** (Дон Іус Ростов) - **0:3**, **«Астрахань»** (Астрахань) - **«Динамо-Ставрополь»** (Ставрополь) - **0:0**, **«Краснодар-2»** (Краснодар) - **МИТОС** (Новочеркасск) - **4:1**.

КъыкІэлъыкІуэ джэгуГуэр жэпуэгъуэм и 11-м зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» кьригъэблэгъэнущ Грозный и «Тэрч-2»-р.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● «Роспотребнадзор»-м хъыбар фегъащІэ

Гриппым зыщыфхъумэ

Республикэм къашащ балигъхэр гриппым зэрапэщІэт «Совигрипп» вакцинэу 130 000-рэ.

НЭХЬАПЭКІЭ сабийхэм папщІэ кьаІэрыхьащ «Гриппол плюс» вакцинэ. Жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу узыфэ зэрыщІапэр кьыфпкърымыхьэныкІэ гриппым зэрыпэщІэт мастэр ІэмалыфІыц.

ЖАМБОРЭ Залинэ,
«Роспотребнадзор»-м и къудамэу КъБР-м щыІэм и Іэщіагъэлэ-эксперт.

● Гу зылъытапхъэ

«Іущхэмрэ Іущіэхэмрэ»

Сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я творчествэмкІэ республикэ унэм хъыбар фегъащІэ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іущхэмрэ Іущіэхэмрэ» II республикапсо телевизионнэ гуманитар олимпиадэм хэтыну ныбжьыщІэхэр кьыззрыхахымкІэ. Абы хэтыну хуитщ курыт школхэм я 10-нэ классхэм щеджэхэр.

ЗЭПЕУЭМ фызэрыхэтынумкІэ тхьилъхэр Іахьнущ 2015 гъэм жэпуэгъуэм и 22 пщІондэ. Бланкхэр кьыщыщІэуэтынущ икіи Іуэхум нэхъ тэмэму зыщыщывгъэгъуазэ хъунущ Сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я творчествэмкІэ республикэ унэм и Интернет хэщІапІэм: **www.RDTDM-KBR.ucoz.ru**, «Олимпиада» Іыхьэ. Фыщіэупщіэ хъунущ **42-49-13** телефонымкІэ.

ТАМБИЙ Линэ.

Къаншыуей. Фыуэ слъагъу щ1ыналъэ

Курп Ищхъэрэ (Къаншыуей) и илъэс 200-р дгъэлъэп1эну гъэзэгу дытехьащ. Налшыкрэ а жылагъуэмрэ я зэхуаупчъ зэхэлъ метр 88-рэ фГэкIэ гъэзэгуанэр дэмыльмы, дынэсыхукIэ къуажэм епха гъэщIэгъуэн гуэркэр езыр-езыру къэтхутэжащ.

ГЪУЭГУАНЭМ гъусэ кыыщытхуэхъуат Урыс-Кавказ зауэм иужькIэ Хэкум иЭпхъукIыу Тыркум щауха Джыпхъэстэнэм щIынал1эм хыхьэ Къаншыуейм Къуныжь Октай. Абыи Iуэху дахэр и лъэпкъэгъуэм ядиГьэлъэп1эну махуэшхуэм зыкъ-ригъэхьэл1ауэ арат. Къуныжьым щыгъуаз дищIащ хамэщI щыIэ адыгэ жылэм и псэукIэм. Абы къызэрыджИамкIэ, Къаншыуейр зыуэар лъэсу Куржымкiэ кIуэцIрыкIа адыгэхэт. Абдежым щетIысэх цIыхур куэд щыхъум, абы пэгъунэгъуу Хьэпцiей, Инарыкъуей, Хьэзиз жылэ, Сэджыкъ, Къалэкуей, Къарэахьмэд къуажэхэр къэунэхуащ. Жылэхэм къедзыIа щIыпIэхэми ди хэкуэгъуэм адыгэбзэкIэ цIыиратат: Дыгъапi1э, Iуащхъэпапщэ, Къетыкъуэ, н. Мы зэманым Къаншыуейм ущыхуэзыщIу Л1эужь, Къунижь, Шакъ, Багъэтыр, Ащхуэт, Тумэ, Мэрзей, Зэшокъуэ, Бэлагъы, Ардэхьан унэцIэхэр зезыхьэхуэн, нэгъуэщIхэми. Къаншыуейм я пэ дыдэу щIытIысахэм Багъэтырхэ зэращыщыр къыджИащ Октай, ауэ иджыпсту апхуэдэу унагъуитху дэсыжу аращ. Тыркум щыIэ адыгэ жылэхэм хуэм-хуэмурэ къыдэнэжи щыIэкъым, кьалэхэм, псальэм папщIэ, Къайсэр, Мараш хуэдэ нэхъ гъунэгъуэхэм, мэзIэпIэхуэ, я лэжьыгъэ, IэнатIэ абыхэмкIэ щыIэщи. Багъэтырхэ зыдэс хьэблэм «Багъэтырхэ я Iуащхьэ» фIащыжауэ щытщ. Апхуэдэуи псэпъэгъу кIыхтхуэхуэ ди лъэпкъэгъум гуапэ тщыхъуауэ къыджИащ къуажэм я п1ыдыдэу егъэджакIуэу къыдэкIар Багъэтырхэ ящыщу зэрыщытыр, и цIэр Хьэсэнщ.

Октай и анэдэлъхубзэр щызыгъэщIэжар и ныбжьыр илъэс 20-м итущ. «Зэгуэрым хьэщIэ къытхуебл1эгъуэу тырку6зэкIэ фIэхьыс щесхым: «Уи адэр адыгэжъ?» - жиIэри кIэзэхъурджауат. Абы иужькIэ сэ ерыщу иужь сихьэри, си анэдэлъхубзэр зэзгъэщIэжащ, - жеIэ абы. - Лъэпкъыр лъэпкъ щыщыкIыр бзэращ. Аращ щIэпсэур лъэпкъым и хабзэри щэнхабзэри. ЗэрытщIэщи, адыгагъэмкIэ дэдуней псор къыдэхъуапсэу щытащ. Зы тырку гуэр срихьэл1ащ, «Алыхьым зы гукъанэ хузощI, адыгэу сыкъызэзримыгъэщIамкIэ», - жиIэу. Аэращи ди адэжьхэм дащIыхуэдэплъежьын хуейр, ди фIыгъуэхэр тхъумэжу лъэпкъыу дыкъыщIыззтенэжьипхъэр».

Си адэ къуэшри гъуэгум дытетыху Октай хутепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылэ нэхъыжь дыдэхэм хабжэ Къаншыуей къуажэм и нобэм. Тимур абы IэнатIэ зэмылI1эужьыгъуэхэр (комсомол, профсоюз, парт организацэхэм я унафэщIу щытащ, Къаншыуей къуажэм и Iэтащхьэу лэжьащ) щиIыгъащи, фIыуэ хещIыкI Iуэхуэхэм. Къаншыуейм и Iэгъуэблагъэхэм мывэфэепIэ мыинит! щыхъумащ, зым хьэрыпIбзэкIэ кхыхэIущIыкIащ 1815 гъэр. Абы къыхэкIыу къуажэр абдежым щытIысар а бжыгъэм ирапх. Я1пэ дыдэу зэреджэу щытар Алтъхэ жылэщ, пщы лъэпкъым кхыхэкIа, пщIэщхуэ зыхуащIу щыта Алъхъо Темрыкъуэ и цIэкIэ.

Мы зэманым Къаншыуейм и гъунапкъэр Тэрч куейм хьхьэ Новэ Хьэмидей, Тамбовскэ къуажэхэм ящIхэм бгъэдэлъщ, къуэкIыпIэмкIэ Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм и Мэздэгу районым, ипщэ-къухьэпIэмкIэ Инарыкъуей къуажэм гъунэ хуIэщ. Мэкъуп1эу, хьупIэу, Гъэвэ щIапIэу щы хъарзынэхэр иIыгъщ, жылэдэсыр нэхъыбэу зытелажьэри аращ. Мыбыкiэ щыIуах гуэдзыр, нартыхэр, кудзу къагъэкI хъарбызыр. Къуажэм цIыку 1292-рэ дэсщ, Щэнхабэзэмкiэ унэ, курит еджапIэ, сабий гъэсапIэ, мэжджыт, гъавэ хъумапIэ, щхьэл дэтщ. Жылэм и гугъу щащIкIэ, ар псыкIэ гугъу зэрехьырщ я1пэу кхыхагъэщыр. ЗэрытщIэмкIэ, мы щIыпIэм псыр кую дыдэу щы щIагъым щыщIэтщ, метр 20 хуэдизкIэ. Абы кхыхэкIыу ар нэгъуэщI щыпIэхэмкIэ къраШыи хуей мэхъу.

ЦIыку хьэлэмэт куэд гъэшIэм хишащ Къаншыуей къуажэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпажэу. Апхуэдэу я цIэ къраIуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, гъэзэджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Щомахуэ Амырхьан, тхакIуэ Къуэжей Сосрыкъуэ, цIыхубэ артистхэу Тубей Мухьэмэдрэ Балъкъэр Калисэрэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор Балъкъэр Мыхьэмэт, КъБР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI Гъыдэ Валерэ сымэ...

Ауэрэ дыдыхьащ жылэм. ЦIыкуэр нэфIэгуфIэщ, махуэшхуэр зэрагъэлъэп1энум хуэдэу, курп Iуащхьэхэм я лъапэм щызэхуос: шатырхэр щытщ, артистхэм я утыкур кеIщ. Къуажэм и тхыдэм ухигъапIъэу ягъэхьэзыра дапхъэм кIэрыпIъ сурэтхэми куэдым ущагъэгъуаззэк: «Гъубжэрэ уадэрэ» колхозым лэжьыгIэ зэрыщекIуэкIыр, къыльэщIыхьэ щымыIэу жылэдэсхэм ягъэкIыу щыта жылэм хадэр кхыззэрырахьэлIэр, нэхъыщхьэращи, къаншыуейдэсхэм зыщагъэгъупщакъым Хэку зауэшхуэм щыгъуэ «Курп лъагапIэхэм» щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм къуажэм щыщхэр хэтауэ зэрыщытар.

...Хуэмурэ жылэдэсхэр, хьэщIэхэр зэхохьэ. Асыхьэтым утыкум кхыщоунэху шыгу гъэщIэрэщIар. IэльэщI хужьыр екIуу зыхьащIу щыта Алъхъо Темрыкъуэ и цIэкIэ.

Тэрч районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Бэлэтокъуэ Владимир

Къуажэ администрацэм и унафэщI Ахъсор Пщымырзэ къаншыуейдэсхэм йохъуэхъу.

Зыхъэ зэхаублэхукIэ псэльэгъу кьыгтхуэхъуащ Къаншыуей жылэм кьыдэкIа, Тэрч районым и Адыгэ Хасэ зэгуэхэныгъэм и тхьамадэ Ахъсор Хьэлим. «Къаншыуейм щызекIуэ хабзэр Джыпхъэстэней щIынал1э псом щыщапхъэу сыт щыгъуи кьеIуэкIащ. Пъэпкъыжь куэд зыдэс жылэшхуэт ар, я нэмысыр ину, пщIэ зэхуащIу, кьеблагъэм хуэжмарту зэпымыууэ щытащ, - жеIэ Хьэлим. - ЦIыхуэр лэжьакIуэт, Iуэхум щымымэхъашэу губгъуэр зэрахьэрт. «Алъхъо жыла», жаламэ, Джылпхъэстэней л1эныкъуэри Къэбэрдеишхуэри мы къуажэм иригушхуэрт. Сэ мы жылэгъуэм сыкъызщIэхуащ, мы и джабжьхэм нэмыцыр иригIуэ слъагъуащ. Ауэ бийр жыжьэ нагъэсакъым. Ари къуажэм и Iыгъэм и зы напэкIуэцIщ. Нэхъ балигъ сыхъуа нэужь, къуажэм и зыужьныгъэм си кьару зэрecхьэлI1эныем сэри сыхущIэкъуащ. Ди гущIэ хэтлъхьащ «Курп» совхозым и лэжьыгъэм. Си псэмрэ си гумрэ зыщеГъэпсэху му щыIэпIэм, абы кьыхэкIыуи сфIэфIт сэбэп мыбы сыщыхьумэ. Иджыпсту кьытщIэхуэу щIэблэм дащогуфъ ди бзэр, ди хабзэр ямыгъэкIуэдыну, нэхъыжьхэм Къаншыуейм дигу хуиIть Iэфlагъымрэ лъагъунэгъэмрэ абыхэми зыхащIэну».

- «Курп» жьыум хадэр Къаншыуейр щIэгушхуэн и тхьдэ Iыхьэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщщ, - дыщегъэгъуаззэ 1990 гъэхэм я хозяйствэм и тхьамадэу илъэситхукIэ лэжьа Щад Анатолэ. - 1968 гъэм къыщыщIэдзаузэ «Курп» совхозыр я Iэмыщ1э илъащ Къуэжей Долэтджэрий, Ахэмин Юрэ, Нэхlащэ Хьэжмар, Токъу Алексей, Хьалил Мышэ, сэ, Абазэ Руслан сымэ. Зы зэманкIэ ар Къэбэрдей-Балъкъэрым «Iуащхьэмахуэ и хадэхэр» и Iэхуущ1апIэм хиубыдэу щытащ. Тэрч район псом щыщу абы хэтыну зыхуэзфIэкIар дыдэм и закъуэт. Ауэ зыужьныгъэшхуэ жызым хадэм щигъэтар Ахэмин Юрэ щытета зэманырщ. Щ1ы гектар 760-м зыщрагъэубгъуат ди жыгъэмым абы щыгъуэм. Ар «IумаргъэнэкIыкI» дызэджэ щIыпIэм хуэзэрт, Инарыкъуей къуажэм и гъунапкъэхэм нэсырт. «Курп» жьыум хадэр дыщIам лэжьа-пIэншэ зыри зэи хуащIам. Жьыум Iухьжьгъуэм совхозым цIыку 400-м хуэдизым лэжьыгъэ IэнатIэ яритыфырт. Уеблэмэ къуажэм дэс лэжьакIуэбзэр хуримыкъуу, гъунэгъу къуажэхэм, Мэздэгу районым хьхьэ Хурикау жылэм щыщхэр кхрашалIэрт, Налшык щеджэ студентхэр кхыхуагъакIуэрт. Жьыумым и Iэфlагъыу щытам и гугъу пщIымэ, абы фошыгъуу хэлъыр (сахарийность) процент 25 - 26-м нэсырт. Жьыум Iухьжьжьр Дей къуажэм шагъыр кхыщыщIа-гъэкIыу щауха заводым яшэрт. Зэманыфl щыIащ цIыхум ялэжьынрэ ящIэнрэ яГуэту, зэхуэгуапэу зэкIэлъыкIуу. Си къуажэгъуэхэм сохьэхъу я лъэпкъ хабзэхэр яхъумэжыну, екIуу, дахэу псэуну.

Махуэшхуэр къаншыуейдэсхэм хуаIэтыну Iуэху дахэм зыкъырагъэхьэл1ащ Тэрч районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Бэлэтокъуэ Владимир, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и я1пэ кхуэдзэ Дадэ Му1эед, Тэрч районым и Iэтащхьэм и кхуэдзэ КIэрэф Мурадин, щIынал1ым щIыпIэ самоуправленэмкIэ и Советым и унафэщ1ым и кхуэдзэ Джатэгъэжь Асльэнбэч, Тэрч районым и щIыпIэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщI Накуэ Сослъэн, ветеранхэм я Тэрч къалэ советым и тхьэмадэ Урым Лиуан, районым хьхьэ къуажэхэм я Iэтащхьэхэр.

ХьэщIэхэмрэ къаншыуейдэсхэмрэ фIэхъус ярихащ икIи екъуэхуащ къуажэм и Iэтащхьэ Ахъсор Пщымырзэ. «Си кхуэжэгъу лъапIэхэ! Къаншыуей къуажэр кхызэрыунэхурэ илъэс 200 ирокъу. Гъэзэуанэ тыншкъым икIи мащIэкъым ди жылэм кхызэпичар, ауэ ди я1пэ ита нэхъыжьыфIхэм я хабзэрэ зыIыгъыкIэмкIэ, я акъылрэ лIыгъэмкIэ ар пщIэ зыхуащI хъуащ. Укъыщалъхуа щIынал1эр фIыуэ пл1ьагъунэр, абы ухуэпэжу, ебгъэфIакIуэу упсэуныр псом нэхъыщхьэщ. Нобэрей къуажэдэсхэр я лъахэм иропагэ, тхыдэ купщIафIэ къадогъуэгурыкIуэри. Зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым - жылагъуэм и къэкIуэнур зыхуэдэнурр дэ зым ди Iэмыщ1э ильыжщ. Ди щIалэгъуалэр дахэщ, губзыгъэщ, щIэныгъэм хуэIэижщ. Нобэрей махуэшхуэм жыри щIэри кхыззхуишэсащи, сыщогугъ мыпхуэдэ махуэ дыгъэпсыр зэи фщымыгъупщэну, фи Хэкур зэрыфIэтыну Iуэхущ1эхэм фи гур кхыхуиГэуушыну. Фlыщ1э яхуэощI ди махуэр тхуагъэлъэп1эну кьытхуеблэгъэ псоми. Уэынщагъэ, насып, дуней мамыр диIэну Тхъэм жиIэ. Иугъащ1э Къаншыуейм!» - жиIащАхъсорым.

Кхыкl1элъыкIуэу псалъэ иратащ Бэлэтокъуэ Владимир. Абыи кхыхиГъащащ Къаншыуейр блэкIа дахэ зиIэ къуажэ нэхъыжьхэм ящыщу зэрыщытыр. «Сэ сыщыГуаззэщ мы жылэм дэсхэр мэкъумэш IэнатIэм, сабий гъэсэным, щIынал1ым и экономикэм зэрыщехъулIэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым зегъэужьыным хэлъхьэныгъэфIхэр абыхэм зэрыхущIыр, - жиIащ абы. - Дощ1э иджыпрей зэманым тыншу уэзфIыхьэмыпсэукIыфыр, итIани, мы къуажэм л1экI кьиГъанэркъым ефIэкIуэн папщIэ. Ди пащхьэ щытпл1агъу сабий дыгъэхэр абы и щIихьэтщ». Апхуэдэуи Бэлэтокъуэм кхыхигъэщащ къуажэм зыкъиужьыжьын щхьэкIэ, Тэрч районым и щIыпIэ администрацэр абы сыт и л1эныкъуэкIи дэ1эныкъуэгъу кхыззрыхуэхунур. «Дыщыгъуазэщ жылэр псыкIэ, транспорткIэ гугъу зэрехьым, щIым гъавэ бэв кхытекIыным л1эпощхьэпо гуэркэр зэрыщхуэхьум, л1эжьыгIэншхэр зэрыщIэм, щIэныгъэ ззэыгъэгуэт щIалэгъуалэр зэрыдзэкIым. Зи гугъу сщIы гугъуехьхэм дыпхрымыкIыу хъунукъым дызэдэлажьэкIэрэ, ди гур зэIуахуэ дызэбгъэдэткIэрэ. Сэ сыщогугъ зэман гъунэгъум лэжьыгъэ IэнатIэщIэкр къэдгъэунэхуфыну, производствэ лъэщхэр кхызэдгъэпэщыну. Къаншыуейм, зэрыжыс1ауэ, тхыдэ купщIафIэ и щIыбагъ кхыдэлъщ, и къэкIуэнуми нэхъыфIыжкIэ дыхуоплъэ», - дыщигъужащ и псалъэхэм Бэлэтокъуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм кхыбгъэдэкIыу Къаншыуейм и махуэшхуэмкIэ жылэдэсхэм екъуэхуащ Дадэ Му1эед. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэр мы къуажэмкIэ кхыщIедзэ. Кхыхэгъэщыпхъащ Хэку зауэшхуэм и зэманым нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр Курп лъагапIэхэм кхыщагъэуэрыIауэ зэрыщытар. А1уэку мытыныши, псэззэпIыпхъэпIэм жыджэру хэтащ мы къуажэм щIыщэр, ар лIыхъужьыгъэт. Пэжыр жыпIэмэ, мы щIыпIэхэм гугъущ мэкъумэш щыпщIэну, уэгъу зэрыхъум кхыхэкIыу. Ауэ мы къуажэм хабзэшхуэ дэлъщ, цIыхухэр лэжьыгъэм щышынэу щыткъым. Абы кхыхэкIыу дэ тхуэзфIэкIкIэ сыт щыгъуи зыфщIэдгъэкъуэнущ. А псом ящхьэжьр дуней мамыр диIэныраци, Къаншыуей щIынал1эм исхэм узынщагъэ фиIэу, фи Iуэхухэр нэхъ дахэ хьууэ екIуэкIыну си гуапэщ», - жиIащ Дадэм.

- Языныкъуэхэм Къаншыуейм и тхыдэр нэхъ жьыжьэ кхыщежьэу кьалъытэ. Нобэ хуэдэ махуэхэр щыщыIэр дызэхагъэхьэу дызэкъуагъэуэвэн мурад дахэращи, кхуажэдэсхэм си гуапэу сохъуэхъу я унагъымэ хьер илъу, ящIэнрэ я1эжьынрэ я1эу псэуну, кхъкIуэным гукъыдэж хуаIэну, гугъэр зэи яфIэмыкIуэдыну. Сэри мы къуажэм сыкъыдэкIащи, мы гуфIэгъуэр си дежкIэ тIуащIэу гуэхъуэ сщохъу, - жиIащ Тэрч районым и щIыпIэ самоуправленэм и советым и унафэщIым и кхуэдзэ Багъэтыр Тимури и къуажэгъуэхэм екъуэхуащ. Абы жылэдэсхэм хъыбар гуапэ кхахуихьат - Къаншыуейм и илъэс 200-р щигъэлъэп1энум ирихьэл1эу, къуажэм и футбол командзм, 1999 - 2000 гъэхэм кьалъхуаxэр зыхэтым, Бахьсэн кьалэм щекIуэкIа республикэ зэкъэзэхуэм я1пэ увыпIэр къыщихьащ икIи Черкесск щекIуэкIыну щыналъэ зэпеуэм хэтыну Iэмал иГуэтащ. Тимур щIалэ цIыкIуэхэр кхыззригъэгъуати, зэрыджэгу хьэпшыпхэмрэ щыгъэныгъуэхэмрэ кхахуищащ (футбол командзм и гъэсакIуэр Ещрокъуэ Хьэсэнщ). «Си гуапэщ нобэ мы Iуэху дахэр си къуажэгъуэхэм ядэсIыгъыну Iэмал сызэриIэр. Сыт хуэдэ Iэнатl1эми щекъуIэну, узынщагъэрэ дэрэжэгъуэрэ яхэлъ1ыну къаншыуейдэсхэм сыныворъэхъу», - жиIащ Тимур. Апхуэдэуи абы кхыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и футбол лигэ нэхъыщхьэм хэту илъэс 20-кIэ джэгуа, республикэ зэхьэзэхуэ куэдым пашэ щыхъуа «Жаншэрхъ» (Къаншыуейм и командзт) гупым хуэдэ Ещрокъуэм и гъэсэжьм къыщIыкIыну зэрыщыгугъыр.

...Нарт лIыхъужьхэм зэрахабзэти, ди щIалэ хахуэхэм Къаншыуейм и щIыхькIэ зэхьэзэхуэн щIадзащ. КIэн джэгур, мывэ дзыныр ди зэманым нэгъуэщI спорт лIэужьыгъуэхэм хуэкIуами, я Iэзагъым щIалэгъуалэр щеплъыжащ футболым, волейболым, гырэ кхъIэтыным, лъакъуэрыгIъажкIэ зэдзэжьным. Апхуэдэуи шашкэм, шахматым ущызэхьэзэхуэнри тынштэкъым, арати, щхьэж нэхъ бызунэс Iуэхум пэрыхьащ. Зэпеуэнхэм яхэтт гъунэгъу къуажэхэм - Инарыкъуейм, Испъэмейм, Хьэпцiейм, Акъбащым - кьикIахэр.

АпщIондэхукIэ махуэшхуэр я уэрэдхэмрэ кхафэхэмкIэ яГэдахэт Джылахъстэнейм и артистхэм. КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Пщышнэ Хьэлым зи унафэщI «Терчанка» ансамблым хэтхэм «Нарт Хэку» уэрэдыр жаIащ, «Къафэр», «Мэздэгу адыгэхэм я къафэр», «Зэныбжьэгъуищым я къафэр» яГъэзэщIащ. Мамхэгъ Анжелэ, Хьэтlэхъу Эдуард, Шыдыгъу Хьэщауэ, Уэщрэ Альберт, Унэж Светланэ сымэ я уэрэдхэр Къаншыуейм и махуэшхуэм хужаIащ. Концерт гукъинэжым утыкур хуит щыхуащIащ илъэс 40-м щIигъуауэ Къаншыуей щызэхэт, балалайкэ еуэ «Курп пшэплъхэр» («Курпские зори») цIыхубэ ансамблым и макъамэхэм. Гупым теухуауэ псалъэ зытIущ мыбдеж жумыIэнырэ къеззгъ къыщIэкIынкъым, ар къуажэм и набдзэу, лъэпкъ щэнхабзэм и хъумакIуэу щытщи. Къэбгъэлъагъуэмэ, ансамблир 1970 гъэм кхуажэдэсхэм езым я жэрдэмкIэ къызэрагъэпэщащ. Гупыр нэхъ гъунэгъуу зэдгъэщIыхуну мурадкIэ зыхуэдгъэзащ мы зэманым абы и унафэщI Къъэзхъуэкъ Тимур (Тимошэ). «Балалайкэ еуэу Щад Хьэсэн, Джатэгъэжь Хьэжбий сымэ, нэгъуэщI нэхъыжьыфIхэри кхуажэм дэсти, ахэр зэреуэм кIэлъыплъурэ цIыхухэм загъаэхэри, ансамблъ псо къагъэунэхуат, - дыщегъэгъуазэ Къъузыжьыш. - Ансамблым и я1пэ гупым хэтащ: Унэж Аркадий, Гъыдэ Руслан, Теунык1хэ Виктор, Володя, Iэуес, Хьэщхъужь Тимур сымэ. Абы щыгъуэм гупым я унафэщIу щытар Щад Борисщ. Ансамблир, дэнэ кIуэми, яГэзащIэ макъамэхэмрэ уэрэдыжьхьэмкIэ зэпымыуэ я1пэ увыпIэкэр кхахьу къэгъуэгурыкIуащ. 1977 гъэм лъэпкъ макъамэхэм еуэныкIэ Налшык щекIуэкIауэ щыта зэпеуэм ансамблым пашэныгъэр кхыщихьри, «Курп пшэплъхэм» Румынием, Венгриеми, Болгариеми зыкхыщигъэльагъуати, зэрыджэгу хьэпшыпхэмрэ щыгъэныгъуэхэмрэ кхахуищащ (футбол командзм и гъэсакIуэр Ещрокъуэ Хьэсэнщ). «Си гуапэщ нобэ мы Iуэху дахэр си къуажэгъуэхэм ядэсIыгъыну Iэмал сызэриIэр. Сыт хуэдэ Iэнатl1эми щекъуIэну, узынщагъэрэ дэрэжэгъуэрэ яхэлъ1ыну къаншыуейдэсхэм сныворъэхъу», - жиIащ Тимур. Апхуэдэуи абы кхыхигъэщащ сымэ иджыпсту зыхуагъэхьэзыр лъэпкъ макъамэхэмкIэ Георгиевск къалэ (Гумкъалэ) щекIуэкIыну урысейпсо зэпеуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым кхыбгъэдэкIыу зэрыхэтынум. «ЦIыхубэ цIэ лъапIэр мы ансамблым кхыхигъэфэщащ 2001 гъэм. Кхъуэхъужь Тимошэ кхызэрыджИамкIэ, ныбжьыщIэ цIыкIуэри яГащэ.

Гуфlэгъуэ махуэшхуэм дыкхыхьэжмэ, жиIадзэхэр хуохъуахъуэ унагъуэщIэ къэунэхум. Къаншыуейм и тхыдэщIэр кхыщыщIидзэ махуэшхуэм техуауэ Ахъсор Къантемыррэ Щоджэн Динарэрэ я нэчыхьыр ятхащ. Апхуэдэуи зэгурыIуэ-зэдзIуэжу, кхуажэ псом пщIэ кхыщыхуащIу, унагъуэ быдэу, быныфI яГэсауэ илъэс 50 хъуауэ зэрыздзэпсэум папщIэ Джатэгъэжьхэ Хьэжбийр Светлэрэ яГэлъэп1ащ. Игъуэ дыдэт Багъэтыр Юлэ Къаншыуейр щагъэлъап1эм ирихьэл1эу кхуажэм хуиуса уэрэдыр. Абы Кхъуэхъужь Тимур макъамэ щIилъхьащ, кхэкIуэнур зэпха школакIуэ цIыкIуэхэмрэ нэхъыжьыфIхэр зыхэт цIыкуфэ ансамблымрэ ар эздагъэзэщIащ.

Я гуащIэ хьэлэмкIэ лэжьыгъэ IэнатIэхэм пэрыта ветеран 17-м Къаншыуейм кхуажэм щIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым и унафэкIэ «Курп Ищхъэрэ кхуажэм щIыхь зиIэ и цIыху» цIэ лъапIэр хуагъэфэщащ. Апхуэдэхэр Багъэтыр Мухьэрэ1ил, Iэпщэ Хьэмэдэ, Къарэкъ Раисэ, Багъэтыр Марие, Былымыкъ Хьэлым зи унафэщI «Терчанка» ансамблым хэтхэм «Нарт Хэку» уэрэдыр жаIащ, «Къафэр», «Мэздэгу адыгэхэм я къафэр», «Зэныбжьэгъуищым я къафэр» яГъэзэщIащ. Мамхэгъ Анжелэ, Хьэтlэхъу Эдуард, Шыдыгъу Хьэщауэ, Уэщрэ Альберт, Унэж Светланэ сымэ я уэрэдхэр Къаншыуейм и махуэшхуэм хужаIащ. Концерт гукъинэжым утыкур хуит щыхуащIащ илъэс 40-м щIигъуауэ Къаншыуей щызэхэт, балалайкэ еуэ «Курп пшэплъхэр» («Курпские зори») цIыхубэ ансамблым и макъамэхэм. Гупым теухуауэ псалъэ зытIущ мыбдеж жумыIэнырэ къеззгъ къыщIэкIынкъым, ар кхуажэм и набдзэу, лъэпкъ щэнхабзэм и хъумакIуэу щытщи. Къэбгъэлъагъуэмэ, ансамблир 1970 гъэм кхуажэдэсхэм езым я жэрдэмкIэ къызэрагъэпэщащ. Гупыр нэхъ гъунэгъуу зэдгъэщIыхуну мурадкIэ зыхуэдгъэзащ мы зэманым абы и унафэщI Къъузхъужь Тимур (Тимошэ). «Балалайкэ еуэу Щад Хьэсэн, Джатэгъэжь Хьэжбий сымэ, нэгъуэщI нэхъыжьыфIхэри кхуажэм дэсти, ахэр зэреуэм кIэлъыплъурэ цIыхухэм загъаэхэри, ансамблъ псо къагъэунэхуат, - дыщегъэгъуазэ Къъузыжьыш. - Ансамблым и я1пэ гупым хэтащ: Унэж Аркадий, Гъыдэ Руслан, Теунык1хэ Виктор, Володя, Iэуес, Хьэщхъужь Тимур сымэ. Абы щыгъуэм гупым я унафэщIу щытар Щад Борисщ. Ансамблир, дэнэ кIуэми, яГэзащIэ макъамэхэмрэ уэрэдыжьхьэмкIэ зэпымыуэ я1пэ увыпIэкэр кхахьу къэгъуэгурыкIуащ. 1977 гъэм лъэпкъ макъамэхэм еуэныкIэ Налшык щекIуэкIауэ щыта зэпеуэм ансамблым пашэныгъэр кхыщихьри, «Курп пшэплъхэм» Румынием, Венгриеми, Болгариеми зыкхыщигъэльагъуати, зэрыджэгу хьэпшыпхэмрэ щыгъэныгъуэхэмрэ кхахуищащ (футбол командзм и гъэсакIуэр Ещрокъуэ Хьэсэнщ). «Си гуапэщ нобэ мы Iуэху дахэр си къуажэгъуэхэм ядэсIыгъыну Iэмал сызэриIэр. Сыт хуэдэ Iэнатl1эми щекъуIэну, узынщагъэрэ дэрэжэгъуэрэ яхэлъ1ыну къаншыуейдэсхэм сныворъэхъу», - жиIащ Тимур. Апхуэдэуи абы кхыхигъэщащ

«Терчанка» къэфакIуэ гупыр.



«Курп пшэплъхэр» цIыхубэ ансамблыр.

Кхъуэхъужь Тимур, Багъэтыр Луизэ, Мамхэгъ Анжелэ, Къунижь Октай, Унэж Светланэ.

Къаншыуейм и нэхъыжьхэр.

Махуэшхуэм и ныпыр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Редактор нэхъыщIхьэ
ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ кьатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къ., Ленным и уэрам, 33.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIынальэ Iуэхущ1апIэм №П-0065-м щIэту ятхащ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 3.267
Заказ №1676